ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№1 (24.751) ● 2025 гъэм щIышылэм (январым) и 10, мэрем ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Гъэ кIуар тыншу щымытами...

ИлъэсыщIэм и пэ къихуэу, хабзэ зэрыхъуауэ, КъБР-м и Правительствэм щагъэлъэпIащ щэнхабзэм, гъуазджэм, щIэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, экономикэм, ухуэныгъэм, энергетикэм, щIыуэпсыр хъумэным, хабзэхъумэ IэнатIэм, хьэрычэт Iуэхум, жылагъуэ гъащIэм, нэгъуэщIхэми я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIа, къыхаха IэщIагъэм хуэпэж лэжьакIуэ пажэхэр. Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я къэрал дамыгъэхэр зыхуагъэфэщахэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек абдеж щарытыжащ.

- ГЪЭ КIУАР тыншу щымытами, гугъуехьхэм щIыхь пылъу дыпхыкIащ, зыхуэдгъэувыжа къалэнхэр дызэкъуэувэри зэдгъэхъулIащ. Зэманым къигъэувхэм нэхъри лъэщ, зэкъуэт дащIащ. ЩытыкIэр гугъуми, дэтхэнэ зымкIи лъапIэ ди Хэкум теухуауэ тхьы жэуаплыныгъэм дызэрешалIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ дзэ Iуэху хэхам псэемыблэжу къулыкъу щызыщIэ ди лIыхъужьхэр щапхъэщ. Мамырыгъэм щIэбэн щIалэхэм я зэфIэкIыр гъунэншэщи дрогушхуэ, фIыщIэ ин яхудощI. Дзэ Iуэху хэхам щыIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дадэIэпыкъуну ди къалэнщ! - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьыным и IуэхукIэ гъэ кIуам экономикэм, промышленностым, мэкъумэшым, туризмэм, ухуэныгъэм, транспортым, гъуэгухэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ мурад диIахэр къыдэхъулIащ. ЦIыхухэм я псэукIэр нэхъри егъэфIэкIуэнырщ а псор зыхуэунэтIауэ щытар. Курыт еджапIэхэр, сабий гъэсапIэхэр, сымаджэщхэр, спорт, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр, нэгъуэщIхэр зэрагъэпэщыжащ. Сымаджэхэм, хуэныкъуэхэм, нэхъыжьхэм къэралыр зэрадэIэпыкъур яхуэтщIащ, бюджет IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэр проценти 10-кIэ хэдгъэхъуащ. УФ-м и Президентым 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэхэм я гъэу игъэуващ. Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъур Iэтауэ дгъэлъэпIэнущ ИлъэсыщIэм. ЩIыналъэм исхэм ди лъапIэныгъэхэр зыщ! Ди къарур - ди зэкъуэтыныгъэрщ!

Илъэсым кърикIуа ехъулIэныгъэхэм къытеувыIа нэужь, КIуэкIуэ Казбек зэIущIэ гуапэм ирагъэблэгъа IэщIагъэлI нэхъыфIхэм, зи IэнатIэм зэфIэкI щызиIэ лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ къэралымрэ щIыналъэмрэ я ефIэкIуэныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIым, жэуаплыныгъэ пылъу я къалэныр зэрагъэзащIэм папщIэ. Республикэм и Iэтащхьэр абыхэм ИлъэсыщIэмкIэ ехъуэхъуащ, узыншагъэ, гурыфIыгъуэ, ехъулIэныгъэ яIэу дяпэкIи илъэс куэдкIэ я IэнатIэм пэрытыну, я унагъуэхэр ефIэкIуэну зэригуапэр къыхигъэщу, икIи къэрал дамыгъэ лъапIэхэмрэ удз гъэгъахэмрэ зыхуагъэфэщахэм яритыжащ. ЯгъэлъэпIахэм ящыщщ химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Къущхьэ Хьэсбий, «Республикэм и клиникэ медико-хирургие центр» къэрал бюджет IуэхущIапIэм и дохутыр Мусаев Арсен, «Гъавэхэм я фIагъыр къыщапщытэ центр» къэрал IуэхущIапIэм Кавказ Ищхъэрэм щиIэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и управленэм и унафэщI Хьэсанэ Аслъэн, КъБР-м и Профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщI Амщокъуэ ФатIимэт, Налшык къалэм и гимназие №29-м и унафэщI Бэрокъуэ Эдуард, нэгъуэщIхэри.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ЕджакIуэхэри егъэгушхуэ

2024 гъэм и кIэухым, ИлъэсыщIэм и пэщIэдзэм зэIущIэ куэд иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэм икIи щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ. Гъэ къэси хуэдэу, Iэтащхьэм и деж щызэхуишэсащ щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм, спорт зэпеуэхэм хэта, урысейпсо олимпиадэхэм щытекIуа школакIуэхэр. «НыбжьыкIэ жыжьэ фынэмысами, ехъулIэныгъэ куэд зыIэрывгъэхьащ, дэ абы хуабжьу дегъэгушхуэ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - Фэ зэрыфщIэщи, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ, иджыпсту ди къэралым и щIалэгъуалэм дэIэпыкъуныгъэшхуэ ягъуэт зауэжьынымкIэ, я Iуэху дагъэкIынымкIэ. Фэ фщыщ дэтхэнэ зыри я адэшхуэхэм яхуэфащэу, абыхэм къытхуагъэнар ягъэкIуатэу къэхъун хуейщ».

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМ ехъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я УнафэщIхэу Егоровэ Татьянэрэ Мусуков Алийрэ, Правительствэм хэтхэр, министрхэр.

ХъуэпсапIэр - нахуапIэ

ИлъэсыщIэ хъуэпсапIэхэр игъэзащIэу, КIуэкIуэ Казбек щыIащ Тэрч къалэм. Абы щыщ Аскэр «ХъуэпсапIэхэм я псей» урысейпсо Iуэхум иригъэхьат зыщIэхъуэпсыр. Ар Iэтащхьэм псейм къыщыпихащ Кремлым икIи Налшык къызэригъэзэжу, Аскэрхэ я деж кIуэри тыгъэр иритыжащ, илъэсыщIэмкIэ ехъуэхъуащ. Апхуэдэ зы тыгъэ КIуэкIуэ Казбек хуригъэшащ Скадовск щыщ Владислав.

УнэщIэхэм щIотIысхьэж

Зыгъэпсэхугъуэхэм ирихьэлIэу КъБР-м и Iэтащхьэм унагъуэ 73-м унэ IункIыбзэхэр яритыжащ. 2024 гъэм къриубыдэу псэупIэ иратащ унагъуэ 242-м. ГуфIэгъуэ зэIущIэм къыщыщысалъэм, Iэтащхьэм жиIащ апхуэдэ Iэмалыр УФ-м и Президентым и фIыгъэкIэ къазэрыхукъуэкIар, апхуэдэуи республикэм езым и хэхъуэм къыхаха ахъшэкIэ къызэращэхуар. «Общежитхэм щIэсхэр унэхэм гъэIэпхъуэнымкIэ мыр япэ Iыхьэу аращ. Абы сом мелуан 540-рэ тедгъэкIуэдащ. Илъэс бжыгъэ хъуауэ къэралым япэ щрагъэщ Iуэхущ кхъахэ хъуа унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэIэпхъукIыныр. Дэри, Iэмал дызэриIэм елъытауэ, а къалэныр догъэзащIэ», - жиIащ КIуэкIуэм. Республикэ унафэщIым къыхигъэщащ «Инфраструктура для жизни» лъэпкъ проектымкIэ иджыри мы Iуэхум къызэрыпащэнур.

Илъэс лэжьыгъэр къапщытэ

Илъэсым и пэщIэдзэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм хэтхэм яхуэзащ икIи 2024 гъэм зэрылэжьар къапщытэжащ. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Правительствэм хэтхэмрэ къулыкъущIапIэ зэхуэмыдэхэм я унафэщIхэмрэ.

ЗэIущIэр щрагъэкIуэкIар Правительствэм и пэш хэхарщ, ар сыт и лъэныкъуэкIи иджырей мардэхэм изагъэу, иджырей технологиехэмкIэ зэщIэузэдауэ къызэрагъэпэщащ. Iэтащхьэм жиIащ къулыкъущIэхэм я зэхуэсхэр щекIуэкIкIэ зи гугъу ящI Iуэхухэмрэ гугъуехьхэмрэ экранхэмкIэ къагъэлъэгъуэну иджы Iэмал зэраIэр.

2024 гъэм республикэм зригъэхъулIахэмрэ Iуэхуу щызэфIахамрэ убгъуауэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий. Абы жиIащ политикэ къэхъукъащIэхэри лэжьыгъэ жыджэрри хъарзынэу зэрырагъэкIуэкIар, лъэпкъ проектхэр къызыхуэтыншэу зэрагъэзэщIар, дяпэкIи къызэрыпащэнур, зыхуагъэувыжа къалэн псори, псом хуэмыдэу псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуар, къазэрехъулIар, 2025 гъэм къэрал, щIыналъэ программэщIэр гъэзэщIэным теухуауэ зэрылэжьэнур.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед.

Ухуэныгъэхэр зыхуей хуэзэу йокIуэкI

Республикэм щекIуэкI ухуэныгъэщIэхэр зригъэлъагъун мурадкIэ, КIуэкIуэ Казбек щыIащ «Здравоохранение», «Демографие» лъэпкъ проектхэмкIэ ящIа унэщIэхэм. Налшык къалэ дащIыхь Поликлиникэр нагъэс, абы зы махуэм къриубыдэу цIыху 500-м Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэфынущ.

КъызэIуахыну загъэхьэзыр Мыл уардэунэр. Абы хэтщ къэжыхьыпIэ, спорт пэшхэр, командэхэм, арбитрхэм я пэш хэхахэр. Псори зэхэту къапщтэмэ, метр зэбгъузэнатIэ мини 4 мэхъу.

КIуэкIуэр щыIащ Налшык къалэ и Щоджэным, Королевым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм тет сымаджэщхэми. Ахэр лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ, зыхуей хуагъэзэжащ.

Мы гъэм зыхуагъэхьэзыр

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий. Ахэр тепсэлъыхьащ щIышылэ мазэм зэфIагъэкIын хуей Iуэху нэхъыщхьэхэм. Псом япэ ирагъэщыр ТекIуэныгъэ Иныр мы гъэм илъэс 80 зэрырикъур зэрагъэлъэпIэнурщ. Абы ипкъ иткIэ, 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэхэм я илъэсу зэрагъэувам къыхэкIыу, ди республикэми Iуэху куэд къыщызэрагъэпэщынущ.

КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектыщIэхэр гъэзэщIа зэрыхъунум, къищынэмыщIауэ, сабий гъэсапIэхэмрэ курыт еджапIэхэмрэ дяпэкIи зэрахуэнум, гъуэгухэр, унэхэр зэращIынум, нэгъуэщIхэми.

КЪЭБАРТ Мирэ.

КъэралиплIым ящэху

2024 гъэм и мазипщIым къриубыдэу нартыху крахмалу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщащIагъэкIар процент 8-кIэ нэхъыбэщ, 2023 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIэ бжыгъэхэм ебгъапщэмэ икIи ар тонн мин 17,5-м щIигъуащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм и щIыналъэхэм нэмыщI, республикэм и крахмалым хамэ къэралхэми щIэупщIэ щиIэщ. Псалъэм папщIэ, 2024 гъэм и щIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу апхуэдэу тонн 1,404-рэ экспортым ягъэкIуащ.

УФ-м и Федеральнэ таможнэ къулыкъум къызэритамкIэ, а пIалъэм къриубыдэу нартыху крахмалыр къэралиплIым хурагъэшащ - Азербайджаным, Белоруссием, Къэзахъстаным, Къыргъызым. И нэхъыбапIэр зыщэхуар Къэзахъстанырщ - тонн 960-р абы Iэрагъэхьащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Сочэрэ Налшыкрэ зэпащIэ

Налшык и кхъухьлъатэ телъэтыкIыпIэм гъуэгу щытехьэхэм кхъухьлъатэхэм къахэхъуащ - 2025 гъэм щIышылэм и 4-м щегъэжьауэ абы токI Сочэ къалэм кIуэхэри. КъалитIым яку дэлъ гъуэгуанэр зэпычыным текIуадэр зы сыхьэтрэ дакъикъипщIрэщ.

ИДЖЫПСТУКIЭ кхъухьлъатэхэр щIымахуэ зэманым тещIыхьауэ мэлажьэ. Сочэ къалэм къикI кхъухьлъатэр я аэропортым къытокI щэбэтым пщэдджыжьым сыхьэти 6-рэ дакъикъи 5-м. Налшык къыщотIысэх сыхьэти 7-рэ дакъикъэ 15-м икIи куэдрэ зимыIэжьэу егъэзэж: сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 15-м толъэтыкIыж.

Зы билетым зэкIэ и уасэр сом 1963-рэщ.

Сочэ къалэмрэ Налшыкрэ кхъухьлъатэкIэ зэпащIа хъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и жэрдэмкIэ къыхалъхьэ щIыналъэ рейсхэм субсидие яхухэхыным теухуа программэмрэ Налшык аэропортым зегъэужьынымкIэ щыпIэ Правительствэм и дэIэпыкъуныгъэхэмрэ я фIыгъэкIэ, щыжаIащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Урысей Федерацэм и цIыхухэр 2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм пэублэ дзэ учетым щыгъэувыныр егъэкIуэкIыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур ехьэкIынымкIэ къалэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я IуэхукIэ» Федеральнэ законым тету **унафэ сощI**:

1. Къэщтэн мы Указым щIыгъухэу:

Урысей Федерацэм и цIыхухэр пэублэ дзэ учетым гъэувынымкIэ комиссэхэу муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ къыщызэрагъэпэщахэм хэтхэр;

Урысей Федерацэм и цIыхухэр пэублэ дзэ учетым 2025 гъэм гъэувыным пыщIа Iуэхухэр езыгъэкIуэкI, узыншагъэр къыщапщытэ, абыхэм ящыщу сымаджэхэр щагъэхъуж медицинэ IуэхущIапIэхэр.

2. Урысей Федерацэм и цIыхухэр пэублэ дзэ учетым гъэувынымкIэ комиссэхэу муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ щыIэхэм 2025 гъэм щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ гъатхэпэм и 31 пщIондэ ирагъэкIуэкIын хуейщ 2008 гъэм къалъхуа, апхуэдэу абыхэм нэхърэ нэхъыжь цIыхухъуухэу дзэ учетым щымытхэр, ауэ щытын хуейхэр учетым гъэувыным хуэунэтIа лэжьыгъэхэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм УзыншагъэркIэ хъумэнымкIэ и министерствэм хуэгъэувын Урысей Федерацэм и цIыхухэу пэублэ дзэ учетым ягъэувын хуейхэм я узыншагъэр зыхуэдэр къызэрапщытэну щыкIэмрэ медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр абы къыщыхашэну пIалъэхэмрэ иубзыхуну.

4. Чэнджэщ етын:

2008 гъэм къалъхуахэр, апхуэдэу абыхэм нэхърэ нэхъыжьу дзэ учетым щымыт, ауэ щытын хуей цIыхухъухэр пэублэ дзэ учетым щагъэувыну щыпIэхэм и чэзум екIуэлIэн папщIэ зыхуейхэр щыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ органхэм, IуэхущIапIэхэм къызэрагъэпэщыну;

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр игъэзащIэурэ, Урысей Федерацэм и цIыхухэу пэублэ дзэ учетым увыным зыщызыдзейхэр къэлъыхъуэнымкIэ щIэгъэкъуэн хъуну;

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм хуэгъэувын цIыхухэр пэублэ дзэ учетым гъэувыным пыщIа Iуэхухэр зэрекIуэкIыр республикэм и цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыщагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

6. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек
Налшык къалэ
2024 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№154-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

ЕхъулIэныгъэхэр яIэу илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын

Бещто Хьэтау Хьим и къуэм - «ПIалъэ убзыхуам тету къагъэсэбэп гидрогеологие станц» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщI нэхъыщхьэм;

цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист»

Къырым Иринэ Хьэжсет и пхъум - «Къэрал Музыкэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и уэрэджыIакIуэ пажэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и архитектор»

Гусаченкэ Татьянэ Валерэ и пхъум - «АРХИТА архитектурэ лъэщапIэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукIа зыхь зэгухьэныгъэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и дохутыр»

Бейтугановэ Жулдуз Хъусен и пхъум - медико-санитар частым и унафэщIым - «СудкIэ тезыр зытралъхьахэм егъэпшыныжынымкIэ къэрал кIэзонэ къулыкъущIапIэм и медико-санитар часть №7» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм и дохутырым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Мищенкэ Элинэ Владислав и пхъум - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къабзагъэмрэ эпидемиологиемкIэ и центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм узыфэ зэрыцIалэхэм япэщIэтынымкIэ и лабораторэм и унафэщIым, дохутыр-вирусологым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»

Гуппоевэ Татьянэ Леонид и пхъум - Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм щыщ Къэщкъэтау жылэм щыIэ, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм щадэлажьэ «Нюр сабий сад» егъэджэныгъэ муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и гъэсакIуэм,

Дол Риммэ Хьэсэн и пхъум - Аруан муниципальнэ щIыналъэм щыщ Аруан къуажэм дэт «Курыт еджапIэ» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэм,

Жаппуевэ Лейлэ Хьэждаут и пхъум - «Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институт» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет IуэхущIапIэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и энергетик»

Бэрэздж Резуан Хьэсэн и къуэм - «Кавказ Ищхъэрэм и Россетхэр - Къэббалъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам Налшык къалэм уэздыгъэр тегуэшэным хуэгъэза лэжьыгъэр унэтIынымкIэ, зэгъэпэщыжыныгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ, линэщIэхэр укъуэдиинымкIэ и къудамэм и унафэщIым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист»

Хьэшкул Маргаритэ Нэзыр и пхъум - Дзэлыкъуэ суд районым и суд участкэ №2-м и зэзыгъэкIуж судыщIэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек
Налшык къалэ
2024 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м
№157-УГ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр Бэрокъуэ Э. А. фIэщыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ IэнатIэм илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, къытщIэхъуэ щIэблэр гъэсэнымрэ щIэныгъэ етынымрэ хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр **Бэрокъуэ Эдуард Ахьмэд и къуэм** фIэщын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек
Налшык къалэ
2024 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м
№158-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр Есэнкъул А. Л. етыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Хабзэубзыху IэнатIэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIамрэ илъэс куэд хъуауэ хьэлэлу зэрылажьэмрэ папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Есэнкъул Ахьмэд Лаврентий и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек
Налшык къалэ
2024 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м
№159-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэу гъэувын **Говоров Сергей Анатолий и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек
Налшык къалэ
2024 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№163-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэм и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэу гъэувын **Къуныжь МуIэед Ахьед и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек
Налшык къалэ
2024 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м
№164-УГ

ТекIуахэр ягъэлъапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым япэу щекIуэкIащ журналистхэм я зэпеуэ, «Верное слово» зыфIащар. Ар къызэрагъэпэщащ Урысейм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм, Урыс чыристан члисэм и Пятигорск, Черкесск епархием. ДэIэпыкъуэгъу хъуащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэр.

- ЗЭПЕУЭМ кърагъэхьащ гуапагъэм, цIыхугъэм, гущIэгъум укъыхуезыджэ, фIы щIэным хуэгъэпса тхыгъэхэр, чыристан диным и хабзэхэр къэзызыгъэлъагъуэхэр. Мыбы къыхыхьащ республикэм и районхэм, къалэхэм щыщ журналистхэр. Лэжьыгъэхэм дыхэплъащ, зэпеуэр зытеухуар нэхъ тэмэму зэпкърызыхыфахэр къыхэтхащ, - жиIащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Жыласэ Заурбэч**.

- Зэпеуэр екIуэкIащ гуапагъэмрэ гущIэгъумрэ ятеухуауэ Урысейм щызекIуэ щэнхабзэхэмрэ динымрэ я мыхьэнэр къигъэлъагъуэу. Къыхыхьащ редакцэхэр, журналист щхьэхуэхэр, интернет напэкIуэцIым зи тхыгъэ къизылъхьахэр. Дыщогугъ Iуэхум къыхыхьэхэм я бжыгъэм дяпэкIи къыхэхъуэну, тхыгъэ щIэщыгъуэхэр къытхуагъэхьыну. НэхъыфIхэр къыхэтхащи, сохъуэхъу хагъэхъуэну, Iуэхуф1 куэдым тетхыхьыну, - жиIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Гергоков Жамболэт**.

- Япэрауэ, фIыщIэ хузощI мы Iуэхур къыддэзыIыгъа министерствэм. Зэпеуэм щытекIуахэм сохъуэхъу! Псалъэращ япэу къежьар, фэ псалъэм фолэжь. Гуапэу гъэпса псалъэм фIым укъыхуреджэ, угъэгугфIэ, ар сыт щыгъуи дызыхуейщ, - жиIащ Протоиерей **Бобылев Валентин**.

Зэпеуэр зэхэтащ «Божий мир», «Согласие», «Человек веры» Iыхьэу. Япэм щытекIуащ «**Прохладненские известия**» район газетыр. ЕтIуанэм - а газет дыдэм штатым хэмыт и корреспондент **Еремеевэ Иринэ**. Ещанэ Iыхьэм нэхъыфIу къыщалъытащ тележурналист **Ашэбокъуэ Дамирэ**. Ахэр щIыхь тхылъхэмрэ тыгъэхэмкIэ ягъэлъэпIащ.

ГЪУЭТ Синэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Пасэ зэманым ухэзышэж хьэпшыпхэр



Лэжьыгъэм нэмыщI, цIыхур зыгуэрым дихьэхыу щытын хуейщ. Ирехъу ар спорт, гъуазджэ, сурэт щIын, е нэгъуэщI гуэруи щрет. Абыхэм нэмыщI, иджыри щыIэщ тхылъхэр, журналхэр, пластинкэхэр, сабий машинэ цIыкIухэр, бгъэхэIу дамыгъэхэр, писмоулъэхэр, сенычылъэхэр, сурэтхэр, хьэкъущыкъухэр, хамэ къэралхэм я ахъшэ жьгъейхэр, н. къ. зэхуэзыхьэсхэри.

ДИ республикэм щымащIэкъым апхуэдэхэр. 2017 гъэм къызэрагъэпэщауэ щыта КъБР-м и ЗэхуэхьэсакIуэхэм я зэгухьэныгъэм цIыху 70-м щIигъу нобэ хэтщ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ ират Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ икIи холIыфIыхьхэр ди щIыналъэм щекIуэкI Iуэхухэм, зэхуэсхэри гъэлъэгъуэныгъэхэри къызэрагъэпэщ.

Налшык къалэр илъэс 300 щрикъум ирагъэхьэлIэу иужьрей гъэлъэгъуэныгъэр абыхэм щрагъэкIуэкIащ ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм икIи къалэдэсхэмрэ хьэщIэхэмрэ ирагъэлъэгъуащ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ, дунейм зырызыххэу фIэкIа узыщримыхьэлIэну хьэпшыпхэр.

Республикэм и ЗэхуэхьэсакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Грищенкэ Сергей нэхъыбэу нэхъ дэзыхьэхыр щIыналъэм и тхыдэр къэзыгъэлъэгъуэж техникэхэрщ.

«Сэ езыр сыинженерщ икIи игъащIэ лъандэрэ техникэмрэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ фIыуэ солъагъу. Абы къыхэкIыуи, щIэздзащ СССР-м къыщыдагъэкIа радиоаппаратурэхэр зэхуэсхьэсын. Апхуэдэуи сегупсысащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, сыщылэжьа «Телемеханика», «СКЭП», Электровакуум заводхэм, нэгъуэщIхэми я тхыдэр хъумэн зэрыхуейм, абы и лъэныкъуэкIи сэ сызэфIэкIынум.

Псалъэм папщIэ, партым и Тэрч райкомым и япэ секретарым и пэшым щIэта сыхьэтыр иджыпсту си унэм щыIэщ. ХэзмыгъэкIуэдэжу схъума хьэпшыпхэри сиIэщ: «СКЭП»-м и Кубокыр - 1961-м урысейпсо зэхьэзэхуэм зэрыхэтам щхьэкIэ кърататар. ЗэрымыщIэкIэ, гъущIыжьхэр къыщыIах щIыпIэм сыщрихьэлIауэ арат абы. Апхуэдэуи сиIэщ Сталиным и дачэм щIэта телефоныр, стIолыщхьэм тета уэздыгъэр, IэпэкIэ хьэрфхэр къызэращып зэрыбыр, стэканщIэтыр. Ахэр къысIэрыхьэн щхьэкIэ ахъшэфIи тезгъэкIуэдащ», - къыддэгуэшащ Грищенкэ Сергей.

Кокоев Эдуарди зэхуэхьэсакIуэ ерыщхэм ящыщщ. Абы и коллекцэм хэлъщ ди щIыналъэм и тхыдэр къызыхэщ сурэтыжь хьэлэмэтхэр. «Тхыдэм сыхуеджауэ сыщыщыткIэ, сфIэмыгъэщIэгъуэнынкIэ хъунутэкъым революцэм ипэкIэ Налшык къалэм иIа теплъэр зыхуэдэр икIи абы теухуа сурэт телъыджэхэр къэзгъуэтащ. Апхуэдэурэ си къэхутэныгъэхэм зезгъэубгъуащ. Иджыпсту инернетыр щыIэщи, абы и фIыгъэкIэ сызыхуей сурэтхэр къызощэхуф», - жиIащ Эдуард.

Налшык къалэм теухуауэ щIалэм зэхуихьэса сурэтхэм яхэтщ 1903 гъэм къыдагъэкIаи. Абы къытощ иджыпсту Къэбэрдейм и цIэр зезыхьэ уэрамым, пасэ зэманым Воронцовскэ жыхуаIэу щыта уэрамым и теплъэр.

Апхуэдэуи Эдуард зэхуехьэс бгъэхэIу дамыгъэхэр. Абыхэм яхэтщ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и нартыхугъэкI нэхъыфI», «Туризмэм и лэжьакIуэхэм я зэIущIэ, Налшык, 1984 гъэ», «КъБАССР-м и медицинэ лэжьакIуэхэм я 7-нэ съезд, 1973 гъэ» бгъэхэIухэр.

Куэшмэн Руслан зэхуихьэса хьэпшыпхэм нэхъыжьхэр я сабиигъуэм хешэж. Абыхэм фIыуэ ящIэж щысабиям щыгъуэ яIа лъакъуэрыгъажэхэр, педалхэр зиIэ машинэ цIыкIухэр, нэгъуэщI хьэпшып хьэлэмэтхэри.

Сабийхэм я машинэ цIыкIухэр Руслан зэхуихьэсын щIидзащ зэрымыщIэкIэ гъущIыжьхэр къыщыIах щIыпIэм дыхьауэ машинэжь цIыкIу хыфIадзэжар щилъэгъуа иужькIэ икIи мурад ищIащ апхуэдэхэр ихъумэну. НэгъуэщI машинэхэр къилъыхъуэн щIидзащ интернеткIэ икIи, къызэрыщIэкIамкIэ, ар дэзыхьэха Iуэхум хэтхэр куэд дыдэ хъурт.

Япэ машинэр - «Москвич» цIыкIур - Воронеж къыщищэхуащ Руслан. Иджыпсту абыхэм я бжыгъэр тIощIым щIигъуащ икIи псори, зэрыжаIэу, и псэм пэгъунэгъу хъуащ. «Абыхэм ящыщ зыри сщэркъым, тхыдэр схъумэн папщIэ, си щхьэ щхьэкIэ, зэхуэсхьэсауэ аращ», - жеIэ Куэшмэным.

КъБР-м и ЗэхуэхьэсакIуэхэм я зэгухьэныгъэм лэжьэн зэрыщIидзэрэ республикэм и тхыдэм теухуа бгъэхэIу дамыгъэ зыбжанэ къыдигъэкIащ. Абыхэм яхэтщ адыгэмрэ балъкъэрхэмрэ я махуэхэм, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэр илъэси 100, фашист зэрыпхъуакIуэхэм Iуащхьэмахуэ къызэрыIащIагъэкIыжрэ илъэс 75-рэ щрикъуахэм ятеухуахэр, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Кабардино-Балкарская правда» газетхэм, СССР-м и ЛIыхъужьхэм, усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ, щIэныгъэлIхэмрэ еджагъэшхуэхэмрэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэм я махуэхэм ирихьэлIэу къыдагъэкIа письмоулъэхэр къагъэсэбэпыну ящIащ.

Фыщыдгъэгъуэзэнщи, республикэм и зэхуэхьэсакIуэхэр щэбэт къэс щызэхуос КъБР-м щIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я творчествэмкIэ я уардэунэм, сыхьэти 10-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 30 пщIонди зопсалъэ, зочэнджэщ, я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ зохъуажэ. Шэч хэлъкъым а зэIущIэхэр гъэщIэгъуэну зэрекIуэкIым икIи цIыхухэм хьэлэмэт куэд абы къызэрыщащIэм.

КЪУЩХЬЭ Назар.

Болэтей нэхъыжьыфIхэм я псалъэ

• Жылагъуэ Iуэху

Джылахъстэней щIыналъэм щыщ Болэтей къуажэ цIыкIур хабзэ щызэрахьэщ, бзэр щалъытэщ, тхыдэм пщIэ щыхуащIщ. Республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газет закъуэм лъэпкъым дежкIэ иIэ мыхьэнэм, ар адыгэ унагъуэм илъыныр щапхъэу, хабзэ дахэу икIи гъэсэныгъэу къызэралъытэр къыхагъэщ къуажэдэсхэм. Абыхэм яхэтщ зи сабиигъуэм щегъэжьауэ газетыр Iэпэгъу зыхуэхъуахэр, унагъуэщхьэрыкIыу къикIухьурэ абы Iэ трезыгъадзэхэр, и къыдэкIыгъуэ гъэщIэгъуэнхэр зэхуэзыхьэсхэр. «Адыгэ псалъэ» газетым бзэ, щэнхабзэ, щIэблэ гъэсэныгъэ мыхьэнэ зэриIэм теухуауэ я гупсысэ жедгъэIащ болэтейдэсхэм - ди газетым и щIэджыкIакIуэ пэжхэм. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм Болэтей къуажэм щиIэ и къудамэм и тхьэмадэ Наурзокъуэ Толэ, илъэс 45-кIэ къуажэ курыт еджапIэм егъэджакIуэу щылэжьа нэхъыжьыфI Балъкъэр СултIан, «Ленин гъуэгуу» щыщыта зэман лъандэрэ адыгэ газетыр зыщIыгъу, курыт еджапIэм и хъумакIуэ Къэбарт Къэралбий сымэ бзэм теухуауэ я гупсысэхэр акъыл зыхэлъщ.

НАУРЗОКЪУЭ Толэ:

- «Адыгэ псалъэ» газетыр зи унагъуэм илъхэм я бжыгъэм зэрыкIэрыхур дигу къоуэ. Хэти къыгурыIуэ лъэпкъым и къэкIуэнур ди бзэм зэрелъытар, хэти абы мыхьэнэ ириткъым. Зи унэм адыгэбзэкIэ тхылъхэр, газетхэр, журналхэр щIэлъым и щIэблэми еджэным гу хуищIынущ, лъэпкъ гудзакъэ иIэу къыдэкIуэтеинущ. Сэ куэд щIауэ си нэгум щIэтщ аддэ нэхъ пасэу къыдагъэкIауэ щыта «Нартхэр» тхылъышхуэм Нэсрэн ЖьакIэрэ Пэкъуэрэ зытет и жинтыр. Нарт хъыбархэмрэ пшыналъэхэмрэ щызэхуэхьэса а тхылъыр къыдэгъэкIыжынми хуэныкъуэу си гугъэщ. Сыту хъуэпсэгъуэт МафIэдз Сэрэбий и «Адыгэ хабзэ» тхылъыр адыгэ унагъуэхэм илъыну! Нэхъ пасэхэм тхылъ къыщыдэкIыр зэзэмызэт икIи ар зыIэрагъэхьэну куэд хуэпабгъэрт. Иджы тхылъ куэду къыщыдагъэкI зэманщ, ауэ егъэлеяуэ лъапIэщи, дэтхэнэми зыIэригъэхьэфыну Iэмал щыIэкъым.

Си унагъуэм хабзэфI щыхъуащ «Адыгэ псалъэ» газетым Iэ теддзэныр, щIэдджыкIыныр. Къыхэзгъэщыну сыхуейт Табыщ Мурат «IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ» и фIэщыгъэу игъэхьэзыр тхыгъэхэр. Абы балигъри дехьэх, сабийр зыхуэбгъэсэн куэди хэлъщ. Къумахуэ Аслъэн щIыуэпсым, вагъуэхэм ятеухуа гупсысэхэр анэдэлъхубзэм екIуу кърегъэтIасэ. Абы сыт къигъэлъагъуэр жыпIэмэ, адыгэбзэм куэд зэрыхуэзэфIэкIырщ.

Зи бзэр фIыуэ зыгъэшэрыуэм нэгъуэщI бзэхэри нэхъ тыншу урегъэщIэф. Ар щIэныгъэлIхэми жаIэ. ЦIыху IэпкълъэпкъыкIэ спортым зэрызригъэужьым хуэдэу, бзэми зеужь бгъэлажьэмэ - урипсалъэмэ. Анэдэлъхубзэм теухуауэ гукъеуэ куэд щыIэщ. Абы и пщIэр егъэгъуэтыжынымкIэ, щIэблэм яIурылъынымкIэ хэкIыпIэрэ Iэмалу щыIэр щызэпэплъыткIэ, къулыкъущIэхэм я дежкIэ уеплъэкIын хуей мэхъу. Абыхэм щапхъэ ягъэлъагъуэтэмэ, куэдым зэдапхъуэтэнут бзэр къегъэлын Iуэхур. Къэралыбзэуи щытщ адыгэбзэр, Iуэху егбгъэкIуэкIмэ, урипсэлъэну ухуиту. Ауэ зэIущIэ хъуакъэ - урысыбзэм тохьэ цIыхухэр.

Псоми жыдоIэф адыгэбзэм и пщIэр къэIэтыжын зэрыхуейр. Ауэ дыгъуасэм абы теухуауэ дызыхунэмысу къэнаIами, ар дгъэзэкIуэжыным нобэ-пщэдей ды хуеужьэрэкIыжын хуейщ. Бзэ щIэныгъэлI хъарзынэхэр диIэщ. Гъут Iэдэм, Къардэн Мусэдин, ХьэцIыкIу Рае сымэ, нэгъуэщIхэми бзэм теухуауэ жаIэхэр гурыхьщ. Мис апхуэдэхэм гу лъатэу, я гуащIэри къагъэщхьэпэтэмэ, бзэр гъуэгу дахэ теувэжынут.

Республикэм адыгэу щопсэу мин 500-м щIигъу. «Адыгэ псалъэ» газетыр тезыдзэр минитIым нэсыркъым. Гъунэгъу республикэхэмкIэ соплъэри, Къэрэшей-Шэрджэсми Адыгейми я адыгэ газетхэм я тиражыр нэхъыбэщ. Мыр ди фIэщу Iуэху тщIамэ, кIуэтэну хъунт, Iэмал къэлъыхъуэн хуейщ.

Къуажэдэсхэм газетыр кърагъэхьыну къыхуеджэныр Iуэху тщIыри, зыгуэрхэми къыддаIыгъащ. Къуажэм и тхьэмадэ Хъаний Заурбэч и сомкIэ унагъуэ зыбжанэм яхутридзауэ щытащ газетыр. Сабий садым екIуалIэ сабий зыбжанэми яхурегъэхь «Нур» журналыр.

БАЛЪКЪЭР СултIан:

- Нэхъыщ1эхэр адыгэбзэкIэ газет, тхылъ еджэным дегъэхьэхыныр нэхъыжьхэм ди дежщ къыщыщIидзэр. Дэ тIыгъыу, дыкъеджэу ялъагъун хуейщ. УнагъуэкIэ тыдодзэ, дыкъоджэ, зэхудохьэс. Илъэс зыбжанэ лъандэрэ «Адыгэ псалъэм» и къыдэкIыгъуэхэр зэуIу сощI. Ар сэбэп мэхъу тхыгъэ гуэрым къытебгъэзэжу укъеджэнуми. Е уезыгъэджа, е зи хъыбаркIэ пцIыху тету урихьэлIами, ахэр зытетхэр зепхьэну ухуейщ. Газетым дыкъызыщеджа тхыгъэ гуэрым дытепсэлъыхьамэ е, сэ сщIэрэ, зы Iуэхугъуэ гуэрым и гугъу тщIарэ абы теухуа тхыгъэ тетауэ дигу къэкIыжамэ, къыдэкIыгъуэ зэтелъхэм къахызогъуэтэжри, щIэупщIам Iэрызогъэхьэ. ПщыхьэщхьэкIэрэ хуэму щIаджыкIыну жаIэурэ, къыдэкIыгъуэ зэрыIыгъхэр щыстаи къэхъуащ. ЗэIэпытхыу дыкъоджэ, жыхуэсIэщ. Сэ газет сыщеджэкIэ икIэмкIэ къыщыщIызодзэ нэхъыбэм. Нэхъ щIэщыгъуэхэр, нэхъ гъэщIэгъуэнхэр иужь напэкIуэцIхэм тетщ. ХъыбарыщIэхэмрэ республикэ, къэрал Iуэхухэмрэ деджэн хуэмейуэ аракъым. Ауэ ахэр дэни къыщагъэлъагъуэ, куэду щыIэщ.

Сэ сыдехьэх тхыдэм теухуа тхыгъэхэм. Апхуэдэхэр нэхъыбэу етх Табыщ Мурат. НэщIэпыджэ Замирэ, ЩхьэщэмыщI Изэ сымэ къытрадзэхэри сфIэгъэщIэгъуэнщ.

Фымыбэлэрыгъ тхэхэр, цIыхухэм щIэщыгъуэ ящыхьун Iуэхугъуэхэм фытетхыхь, хэвгъахъуэ. АдыгэбзэкIэ къыдэкI газет закъуэр щымыIэу хъунукъым!

КЪЭБАРТ Къэралбий:

- «Адыгэ псалъэ» газетыр унагъуэкIэ тыдодзэ, ар «Ленин гъуэгуу» зэрыщыта зэман лъандэрэ. ДыщыцIыкIум, щIэпыр пхыр ящIурэ, пщыIэ хуэдэу зэраупсейрт. «ЩIэпкъуэ» жаIэрт абы щхьэкIэ. Абы щыгъуэм дэри губгъуэм дыздашэрт. Зэгуэр гъуэмылэ кIуэцIылъу абы нахьа газет кIапэм тет зы тхыгъэм си нэр техуэри, седжат. Абы щегъэжьауэ газет еджэныр хьэлу зыхэслъхьащ.

Армэм сыкIуа нэужь, си шыпхъухэм сакъыщыхуэтхэкIэ, яжесIэрт: «адыгэ газетыр» къыдэкIрэ, къевгъэхьрэ, феджэрэ, сытхэр ятхрэ? - жысIэурэ. КъахуэсIуэхурт газет нысхурагъэхьыну. Къулыкъу къыздэзыщIэхэм яхэт адыгэ щIалэхэм сакъыхуеджэрт абы. Мис апхуэдэу пасэу ди газетыр ныбжьэгъу схуэхъуащ.

АдыгэбзэкIэ къыдэкI газетыр тезыдзэхэм я бжыгъэр зэрымащIэр дигу къоуэ. Ар традзэным дэ дызылъэIэс цIыхухэр тыдогъэгушхуэ. «Адыгэ псалъэр» фи унэхэм щIэвгъэлъ. ЗыгуэркIэ фи цIыкIухэр дихьэхыу щIаджыкI хъунуми фщIэркъым», - яжызоIэ сэ сцIыхухэм. Къуажэм дэт курыт еджапIэм и хъумакIуэу солажьэри, газетым Iэ тедзэным теухуауэ егъэджакIуэхэми си гупсысэ язохьэлIэ. Ди ныбжьэгъу нэхъыжь Наурзокъуэ Толэ адыгэ газетыр игъэлъагъуэу, унагъуэ-унагъуэкIэ къикIухьурэ Iэ щытригъэдза къэхъуащ.

Газетыр сфIэфIу зэрыщIэзджыкIыр бжесIащ. Мыбыи гу лъыстащи, бжызоIэ: фи журналистхэм я нэхъыбэр бзылъхугъэщ. АтIэ си гуапэ мэхъу бзылъхугъэ цIыкIухэм фи гупсысэр зэрыбзыгъэр, фызытепсэлъыхьхэр кууэ къызэрыфтIэщIыр. Фызытетхыхьым и мыхьэнэр къызэрывгурыIуэр нэрылъагъущ, жыхуэсIэщ. Абы теухуауэ щапхъэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ Чэрим Мариannэ. И газет тхыгъэхэр хьэлэмэтщ, «Iуащхьэмахуэ» журналым Iыхьэ-Iыхьэурэ къытехуа и романри сыдихьэхыу щIэзджыкIащ. Сабийхэм папщIэ щхьэпэ дыдэу къызолъытэ газетым абыхэм щахухэфха «ЦIыкIураш» Iыхьэр. Сыту жыпIэмэ, цIыкIуу ебгъажьэу ар зыщIупIыкI Iущыгъэм игъащIэкIэ ифI къекIыжынущ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дохутыр IэщIагъэр зыхуэфащэ

• ФIыщIэ

ЦIыхум и дуней тетыкIэм пщалъэ хуэхъури абы пщIэ къыхуэзыхьри и IуэхущIафэхэрщ. Зи хьэл-щэнымкIэ, зи лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэмкIэ щапхъэ, зи цIэ фIыкIэ жаIэ цIыхущ нобэ зи гугъу фхуэсщIынур - зи узыншагъэр зэфIэзыгъэувэжхэр махуэкIэ зыщIэлъу Налшык дэт сымаджэщ №1-м щылажьэ ПщыхьэщIэ Мухьэмэд Ахьмэд и къуэрщ.

МУХЬЭМЭД и лэжьыгъэр тыншкъым, ауэ дохутыр Iэзэр и къалэным фIы дыдэу йохъулIэ, зыкIэлъыплъ дэтхэнэ зыри къыхуэарэзыщ. Илъэс 15 хъуауэ дохутыр IэнатIэм пэрыт щIалэр и Iуэхум зэрыхуэIэижьыр си щхьэкIэ згъэунэхуащ. Адрей псоми хуэмыдэу дохутырым, Iэмал имыIэу, хэлъын хуей щабагъэри гуапагъэри щызу дыболъагъу Мухьэмэд. Узым тэмакъкIэщI ищIа сымаджэр абыхэм икъукIэ зэрыхуэныкъуэр фIы дыдэу къызыгурыIуэ дохутырыр зэпIэзэрытщ, уз къызэIэхэм щепсалъэкIэ и бзэ IэфIымкIэ имыгъэхъужыфми, нэхъыфI ищIу къыпщохъу. Сымаджэхэр зыщIэлъ палатэхэм махуэм тIэу-щэ щIыхьэу, ягу игъэзагъэу, езыми гупсэхугъуэ имыгъуэтауэ емытIысэхыу апхуэдэщ. ШыIэ хэлъу, гуапэу яхущытщ и нэIэм щIэт псоми.

Сыту цIыху дыщэ, емызэшыж, лэжьакIуэшхуэ ПщыхьэщIэхэ я къуэр! А цIыху Iэпэ щабэм къыпкърыкI къарур дэ хущхъуэ лъэщ тхуэхъуащ.

«Сызэрысабий лъандэрэ си хъуэпсапIэт дохутыр сыхъунуи, си мурадыр къызэхъулIащ, IэщIагъэу къыхэсхам хуэсча лъэбакъуэм сыщыхущIегъуэжаи къэхъуакъым, - жеIэ Мухьэмэд. - Си лэжьыгъэр фIыуэ солъагъу, Iуэхум гукъыдэж хузиIэу пщэдджыжь къэс си IэнатIэм сыпэрохьэ. Узым къыхигъэзыхьу, гуфIэ и нэгум имылъыжу зи щхьэ къызэзыхьэлIа сымаджэр нэщхъыфIэ хъужауэ щыслъагъукIэ, сэри абы дэрэжэгъуэ къызет, си IэщIагъэм и мыхьэнэри нэхъ кууэ зыхызощIэ».

Унагъуэ дахи иIэщ ПщыхьэщIэ Мухьэмэд. Абы и щхьэгъусэри дохутыр-педиатрщ - сабийхэм йоIэзэ.



Гулъытэ дахэмрэ лъагъуныгъэмрэ сабиитI хэзыпIыкI зэщхьэгъусэ насыпыфIэщ ахэр.

Мухьэмэд дэплъагъу хьэлыфIхэр - цIыхугъэр, гу пцIанагъыр, хьэлэлыгъэр, гуузлыузыр - дэтхэнэ зы дохутырми хэлъамэ, дауи, сымаджэхэм я гукъеуэр куэдкIэ нэхъ мащIэнут. Мухьэмэд зэрыжиIэмкIэ, насыпыр цIыхум сэбэп ухуэхъуфынырщи, а насыпыр уиIэу илъэс куэдкIэ улэжьэну, уи зэфIэкIым хэхъуэу, гуфIэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ ущымыщIэу, уи псэемыблэж лэжьыгъэм гулъытэ игъуэту, узыншэу уи IэнатIэм упэрытыну си гуапэщ.

КЪУЩХЬЭКЪАН Тоня.

Налогыу сом мелардитIым щIигъу

2024 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ я бжыгъэр мин 22,4-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхъуащ, абыхэм ящыщу мини 5,8-р физлицоуэ, мин 16,6-р - уней IуэхущIапIэу. 2023 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм ебгъапщэмэ, ар проценти 6,9-кIэ нэхъыбэщ, щыжаIащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм къриубыдэу я щхьэ хуэлэжьэжыну республикэм налог хэзых и IэнатIэхэм зыщезыгъэтхахэр мин 81-рэ хъуащ. Абыхэм ящыщу мин 78,5-р физлицощ, мини 2,5-р - уней IуэхущIапIэщ. 2023 гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 15,5-кIэ ар нэхъыбэщ.

Хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ, уней IуэхущIапIэхэмрэ я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэри яхэту, щылажьэхэр цIыху мини 108-м щIегъу.

Республикэм псори зэхэту щылажьэ цIыхухэм я процент 25-р хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ къалъос икIи, абы къызэригъэлъагъуэщи, лэжьыгъэ IэнатIэ пэрытхэм ящыщу цIыхуиплI къэс зыр хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ япыщIащ.

2024 гъэм и мазипщIым къриубыдэу хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет зэхэтым сом меларди 2,3-рэ налогыу ягъэкIуащ. Абы ипэ илъэсым щыIа бжыгъэхэм нэхърэ ар фIыуэ нэхъыбэщ - абы щыгъуэ яхузэфIэкIар сом мелард 1,8-рэщ.

Хьэрычэт IэнатIэ мыинымрэ курытымрэ республикэм къыщагъэлъагъуэ зэфIэкIхэр зы фIыгъэр къэралым а унэтIыныгъэм зыщегъэужьыным ехьэлIауэ лажьэ «Хьэрычэт Iуэху мыинымрэ курытымрэ, уней хьэрычэт щIэн жэрдэмхэр» лъэпкъ пэхуэщIэрщ, ар къыхэзылъхьар Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимирщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щыхъыбархэр

Сом мелуанитIым нэблагъэ

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрийрэ егъэджэныгъэмкIэ министр Кравцов Сергейрэ 2020 гъэм ирагъэжьа «Къуажэ егъэджакIуэ» программэр зэрагъэзэщIам къэрикIуахэм хэплъэжащ.

«ПРОГРАММЭР хуэунэтIащ къуажэхэм дэт курыт еджапIэхэр зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэмкIэ къызэгъэпэщыным, сабийхэм щIэныгъэ тэмэм егъэгъуэтыным. А зэманым къриубыдэу программэм хыхьащ егъэджакIуэ мин бжыгъэхэр. УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкIэ абы къыпащэнущ 2030 гъэ пщIондэ. Щ1ышылэм и 1-м щегъэжьауэ программэр «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым хиубыдэ «ЕгъэджакIуэхэмрэ унэтIакIуэхэмрэ» къэрал проектым хэту ягъэзэщIэнущ», - жиIащ Чернышенкэ Дмитрий.

Кравцов Сергей къыхигъэщащ къуажэхэм егъэджакIуэ мин 375-м щIигъу зэрыщылажьэр, илъэсиплIым къриубыдэу программэмкIэ IэщIагъэлI мини 6,3-рэ IэнатIэкIэ къызэрызэрагъэпэщар. Абы хиубыдащ Урысейм и щIыналъэщIэхэри.

Программэм ипкъ иткIэ, КъуэкIыпIэ Жыжьэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ къуажэхэм щылажьэ егъэджакIуэхэм сом мелуанитI, Урысейм и адрей хэгъэгухэм хиубыдэ жылэхэм щыIэхэм сом зы мелуан ират. 2025 гъэм и щIышылэ мазэм щегъэжьауэ Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм, Запорожье, Херсон областхэм щылэжьэну кIуэхэм сом мелуанитIым нэблагъэ иратынущ.

Сыт щIигъэкъуаншэр?

Сербие Босниемрэ Герцеговинэмрэ я президент Додик Милорд къэрал телевиденэм ирита интервьюм щыжиIащ украинэ зэныкъуэкъум Европэм и мылъкушхуэ зэрыхилъхьар икIи къыхигъэщащ а зэпэщIэтыныгъэм я Iуэху зэрыщыдэмыкIынур.

«УКРАИНЭМ и щIыналъэм щекIуэкI зэныкъуэкъум Европэм мелард бжыгъэкIэ ахъшэ щыфIэкIуэдащ, апхуэдэуи и мурадхэр къехъулIэнукъым. Абы щытекIуэнур Урысеймрэ Президент Путин Владимирщ. Ар къыщIэхъури зэпэщIэтыныгъэм и пэщIэдзэм щегъэжьауэ ар а Iуэхумкlэ захуэу зэрыщытырщ», - жиIащ Додик Милорд.

Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, нэхъапэкIэ США-м и къэрал секретарь Блинкен Энтони тепсэлъыхьащ Минск зэгурыIуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэм емылъытауэ, КъухьэпIэм Киев IэщэкIэ къызэрызэригъэпэщам. ИужькIэ абы щыхьэт техъуэжащ ФРГ-м и канцлеру щыта Меркель Ангелэ.

«Абы щыгъуэм сыт КъухьэпIэм Путин Владимир щIигъэкъуаншэр? Сыт зэригъэкъуаншэри Урысейр зэрихъумэра?» - къыхигъэщащ Сербие Босниемрэ Герцеговинэмрэ я президентым.

Нобэ

♦ **1915 гъэм** къалъхуащ «Черкес плъыжь» (иджы «Черкес хэку») газетым и япэ редактор нэхъыщхьэу щыта **Уэхъутэ Анзор**.

♦ **1918 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, драматург, IуэрыIуатэдж, КъБР-м и цIыхубэ артист **КъардэнгъущI Зырамыку**.

♦ **1949 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шукай ФатIимэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5 - 11, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи хъуэрыбзэ зымыщIэм уи гухэлъ жумыIэ.

Мэрем, щIышылэм и 10

1

05.00 Телеканал «Доброе утро»
09.00 Новости
09.20 Модный приговор
10.10 Жить здорово!
11.00 Информационный канал
12.00 Новости
12.15 Информационный канал
13.30 АнтиФейк
14.00 Информационный канал
15.00 Новости
15.15 Давай поженимся!
16.05 Мужское/Женское
17.00 Информационный канал
18.00 Вечерние новости
18.40 «Человек и закон» с Алексеем Пимановым
19.45 Поле чудес
21.00 Время
21.45 Арбатские тайны
23.45 30 лет вместе
01.10 Подкаст.Лаб
01.55 Подкаст.Лаб
02.40 Подкаст.Лаб
03.25 Подкаст.Лаб
04.10 Подкаст.Лаб
04.45 Подкаст.Лаб

РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00 Вести
09.55 О самом главном
11.00 Вести
11.30 60 минут
13.00 Ни к селу, ни к городу 2
15.00 Вести
15.20 Ни к селу, ни к городу 2
17.00 Вести
18.30 60 минут
20.00 Вести
00.10 Злоумышленница
03.30 Только вернись

НТВ

08.00 Отдать концы
08.20 Морские дьяволы. Смерч. Судьбы. Сезон 1. Серия 1-я
09.10 Морские дьяволы. Смерч. Судьбы. Сезон 1. Серия 2-я
10.00 Сегодня
10.20 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 17-я
11.16 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 18-я
12.13 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 19-я
13.10 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 20-я
14.06 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 21-я
15.03 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 22-я
16.00 Сегодня
16.20 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 22-я
17.13 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 23-я
18.06 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 24-я
19.00 Сегодня
19.30 Первый отдел. Сезон 2. Серия 10-я
20.30 Первый отдел. Сезон 2. Серия 11-я
21.30 Первый отдел. Сезон 2. Серия 12-я
22.30 Зара. О любви
00.45 Один. Сезон 1. Серия 9-я
01.41 Один. Сезон 1. Серия 10-я
02.37 Один. Сезон 1. Серия 11-я
03.33 Один. Сезон 1. Серия 12-я
04.30 Морские дьяволы. Судьбы

ЗВЕЗДА

05.05 Кумир. Сезон 1. Серия 7-я
06.02 Кумир. Сезон 1. Серия 8-я
07.00 Чужая родня
09.00 Новости дня
09.15 Зелёный фургон
12.05 Сумка инкассатора
13.00 Новости дня
13.15 Сумка инкассатора
14.10 Время вперёд!
15.00 Военные новости
15.05 Время вперёд!
16.05 Время вперёд!
17.00 Новости дня
17.15 Время вперёд!
19.00 Новости дня
19.20 Время вперёд!
22.00 Здравствуйте, товарищи!
23.30 Размах крыльев
01.20 Приключения принца Флоризеля. Серия 1-я
02.26 Приключения принца Флоризеля. Серия 2-я
03.33 Приключения принца Флоризеля. Серия 3-я
04.40 Перелом. Хроника Победы

РОССИЯ К

06.30 Пешком...
07.05 Легенды мирового кино. Сезон 1. Серия 89-я
07.35 Имперские игры
08.30 Дела сердечные
10.00 Новости культуры
10.15 Кортик
11.40 Владимир Венгеров. Против инерции
12.30 Новости культуры
12.45 Марина Ладынина. Грубиян и Галатея
13.25 Испытание верности
15.20 Концертная программа «Белый ангел Москвы»
16.30 Новости культуры
16.45 Письма из провинции
17.15 Запечатлённое время
17.45 Имперские игры
18.35 Линия жизни
19.30 Новости культуры
19.45 Искатели
20.35 Линия жизни
21.25 Стоянка поезда - две минуты
22.40 2 Верник 2
23.40 Новости культуры
23.55 Отдать концы
01.35 Имперские игры
02.25 Ограбление по... 2
02.42 Про Фому и про Ерёму
03.00 Окончание эфира

МАТЧ!

06.00 Смешанные единоборства. «Наше дело». Александр Грозин против Алекса Оливейры. Трансляция из Сочи
07.00 Новости
07.05 Все на Матч!
10.05 Новости
10.10 Небесная грация
10.30 Биатлон. Альфа-Банк Кубок России. Спринт. Мужчины. Трансляция из Рязани
12.25 Формула-1. Гаснут огни
12.55 Новости
13.00 Все на Матч!
13.30 Биатлон. Альфа-Банк Кубок России. Спринт. Женщины. Трансляция из Рязани
15.10 Все на Матч!
15.30 Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда
19.25 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. «Локомотив» (Ярославль) - «Спартак» (Москва)
22.00 Все на Матч!
22.20 Футбол. Чемпионат Германии. «Боруссия» (Дортмунд) - «Байер»
00.30 Евротур
01.20 Матч! Парад
02.55 Новости
03.00 Защита Валерия Васильева
04.00 Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда

Щэбэт, щIышылэм и 11

1

05.20 Подкаст.Лаб
06.00 Телеканал «Доброе утро. Суббота»
09.00 Умницы и умники
09.45 Слово пастыря
10.00 Новости
10.15 Вспомнить всё
11.10 Поехали!
12.00 Новости
12.15 Наше всё
13.05 ПроУют
14.00 Карнавал
16.55 Кто хочет стать миллионером?
18.00 Вечерние новости
18.20 Народный ледниковый
21.00 Время
21.35 Фантастика
23.30 ТСЖ «Лукоморье»
00.35 Подкаст.Лаб
01.20 Подкаст.Лаб
02.05 Подкаст.Лаб
02.50 Подкаст.Лаб
03.35 Подкаст.Лаб
04.20 Подкаст.Лаб

РОССИЯ 1

05.00 Утро России. Суббота
08.35 По секрету всему свету
09.00 Формула еды
09.25 Пятеро на одного
10.10 Сто к одному
11.00 Вести
11.30 Доктор Мясников
12.35 Врачебная ошибка
17.00 Вести
17.50 Привет, Андрей!
20.00 Вести
02.45 Доярка из Хацапетовки

НТВ

08.00 Сегодня
08.20 Большое путешествие Деда Мороза
09.00 Дом на рельсах
10.00 Сегодня
10.20 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 25-я
11.16 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 26-я
12.13 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 27-я
13.10 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 28-я
14.06 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 29-я
15.03 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 30-я
16.00 Сегодня
16.20 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 30-я
17.13 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 31-я
18.06 Шеф. Новая жизнь. Сезон 3. Серия 32-я
19.00 Сегодня
19.30 Первый отдел. Сезон 2. Серия 13-я
20.30 Первый отдел. Сезон 2. Серия 14-я
21.30 Звёзды
01.45 Я - Ангина!
04.30 Морские дьяволы. Смерч. Судьбы. Сезон 1. Серия 3-я

ЗВЕЗДА

05.40 Кумир. Сезон 1. Серия 4-я
06.40 Остров сокровищ. Серия 1-я
07.26 Остров сокровищ. Серия 2-я
08.13 Остров сокровищ. Серия 3-я
09.00 Новости дня
09.15 Остров сокровищ. Серия 1-я
09.43 Остров сокровищ. Серия 2-я
10.11 Остров сокровищ. Серия 3-я
10.40 Во бору брусника
13.00 Новости дня
13.15 Во бору брусника
14.10 Время вперёд!. Серия 1-я
15.00 Военные новости
15.05 Время вперёд!. Серия 2-я
16.05 Время вперёд!. Серия 3-я
17.00 Новости дня
17.10 Время вперёд!. Серия 4-я
18.00 Время вперёд!. Серия 5-я
19.00 Новости дня
19.25 Ожидание полковника Шалыгина
21.20 Приключения принца Флоризеля. Серия 1-я
22.41 Приключения принца Флоризеля. Серия 2-я
00.03 Приключения принца Флоризеля. Серия 3-я
01.25 Контрабанда
02.55 Перелом. Хроника Победы
03.20 Кумир. Сезон 1. Серия 5-я
04.12 Кумир. Сезон 1. Серия 6-я

РОССИЯ К

07.05 Загадочная планета
07.36 Лиса и волк
08.08 Доктор Айболит
08.40 Запасной игрок
10.00 Мы - грамотеи!
10.45 Передвижники. Сезон 1. Серия 11-я
11.15 Стоянка поезда - две минуты
12.25 Острова. Сезон 1. Серия 101-я
13.05 Ямал. По следу овцебыка
13.50 Первые в мире
14.05 Рассказы из русской истории. XVIII век
14.55 III Всероссийский конкурс молодых композиторов «Партитура». Гала-концерт
17.20 Предки наших предков
18.05 Они встретились в пути
19.30 Новости культуры
19.45 Театральная летопись
20.40 Летучая мышь
22.55 Роскошные женщины
00.40 Ямал. По следу овцебыка
01.20 Искатели
02.10 Забытое ремесло
02.25 Фильм, фильм, фильм
02.42 Сказка о глупом муже
03.00 Окончание эфира

МАТЧ!

06.00 Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда
08.00 Новости
08.05 Все на Матч!
10.05 Новости
10.10 Команда Матч
10.30 Биатлон. Альфа-Банк Кубок России. Гонка преследования. Мужчины. Трансляция из Рязани
11.55 Век нашего спорта
12.55 Новости
13.00 Все на Матч!
13.30 Биатлон. Альфа-Банк Кубок России. Гонка преследования. Женщины. Трансляция из Рязани
14.55 Все на Матч!
15.25 Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Зенит» (Санкт-Петербург) - «Локомотив-Кубань» (Краснодар)
17.25 Новости
17.30 Все на Матч!
18.20 Бокс. Bare Knuckle FC. Майк Перри против Люка Рокхолда. Трансляция из США
19.50 Футбол. Чемпионат Италии. «Торино»-«Ювентус»
22.00 Все на Матч!
22.50 Футбол. Чемпионат Испании. «Севилья» — «Валенсия»
01.00 Все на Матч!
01.45 Валерий Газзаев. Невозможный победитель
02.55 Новости
03.00 Смешанные единоборства. UFC. Маккензи Дёрн против Аманды Рибас. Трансляция из США

Тхьэмахуэ, щIышылэм и 12

1

05.00 Подкаст.Лаб
05.35 Подкаст.Лаб
06.00 Новости
06.10 Подкаст.Лаб
06.50 Играй, гармонь любимая!
07.35 Часовой
08.05 Здоровье
09.10 Непутёвые заметки
09.30 Мечталлион
10.00 Новости
10.15 Жизнь своих
11.10 Повара на колёсах
12.00 Новости
12.15 Видели видео?
13.50 Притяжение Арктики
16.10 30 лет вместе
18.00 Вечерние новости
19.00 30 лет вместе
21.00 Время
23.00 30 лет вместе
03.00 Подкаст.Лаб
03.45 Подкаст.Лаб

РОССИЯ 1

06.10 Золотая невеста
08.35 «Когда все дома» с Тимуром Кизяковым
09.25 Утренняя почта с Николаем Басковым
10.10 Сто к одному
11.00 Вести
11.50 Девчата
13.40 Аншлаг. Старый Новый год
17.00 Вести
17.50 Песни от всей души
20.00 Вести недели
22.30 Москва. Кремль. Путин
23.00 Воскресный вечер с Владимиром Соловьёвым
01.35 Время собирать

НТВ

08.00 Сегодня
08.20 У нас выигрывают!
10.00 Сегодня
10.20 Шеф. Игра на повышение. Сезон 1. Серия 1-я
11.16 Шеф. Игра на повышение. Сезон 1. Серия 2-я
12.13 Шеф. Игра на повышение. Сезон 1. Серия 3-я
13.10 Шеф. Игра на повышение. Сезон 1. Серия 4-я
14.06 Шеф. Игра на повышение. Сезон 1. Серия 5-я
15.03 Шеф. Игра на повышение. Сезон 1. Серия 6-я
16.00 Сегодня
16.20 Шеф. Игра на повышение. Сезон 1. Серия 6-я
17.13 Шеф. Игра на повышение. Сезон 1. Серия 7-я
18.06 Шеф. Игра на повышение. Сезон 1. Серия 8-я
19.00 Сегодня
19.30 Летучий корабль
21.20 Новогодняя маска 2023
01.20 Новогодний квартирник НТВ у Маргулиса. Опять 25
04.35 Морские дьяволы. Смерч. Судьбы

ЗВЕЗДА

05.40 Кумир. Сезон 1. Серия 4-я
06.40 Остров сокровищ. Серия 1-я
07.26 Остров сокровищ. Серия 2-я
08.13 Остров сокровищ. Серия 3-я
09.00 Новости дня
09.15 Остров сокровищ. Серия 1-я
09.43 Остров сокровищ. Серия 2-я
10.11 Остров сокровищ. Серия 3-я
10.40 Во бору брусника
13.00 Новости дня
13.15 Во бору брусника
14.10 Время вперёд!. Серия 1-я
15.00 Военные новости
15.05 Время вперёд!. Серия 2-я
16.05 Время вперёд!. Серия 3-я
17.00 Новости дня
17.10 Время вперёд!. Серия 4-я
18.00 Время вперёд!. Серия 5-я
19.00 Новости дня
19.25 Ожидание полковника Шалыгина
21.20 Приключения принца Флоризеля. Серия 1-я
22.41 Приключения принца Флоризеля. Серия 2-я
00.03 Приключения принца Флоризеля. Серия 3-я
01.25 Контрабанда
02.55 Перелом. Хроника Победы
03.20 Кумир. Сезон 1. Серия 5-я
04.12 Кумир. Сезон 1. Серия 6-я

РОССИЯ К

06.30 Тигрёнок на подсолнухе
06.51 Щелкунчик
07.12 Бременские музыканты
07.33 По следам бременских музыкантов
07.55 Они встретились в пути
09.20 Тайны старого чердака
09.50 Больше, чем любовь. Сезон 1. Серия 146-я
10.30 Летучая мышь
12.45 Невский Ковчег. Теория невозможного
13.15 «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
13.55 Снежная королева
15.00 XXXIII Церемония вручения Первой театральной премии «Хрустальная Турандот»
16.25 Старый Новый год
18.40 Моя жизнь в кинозале
19.30 Новости культуры
19.45 Романтика романса
21.45 Тот самый Мюнхгаузен
00.00 Роман в камне. Архитектурные шедевры мира. Сезон 1. Серия 11-я
00.30 Запасной игрок
01.50 Страна птиц
02.30 Падал прошлогодний снег
02.45 Великолепный Гоша

МАТЧ!

06.00 Матч! Парад
06.30 Что за спорт?
07.00 Новости
07.05 Все на Матч!
10.05 Новости
10.10 Чемпионы
10.30 Биатлон. Альфа-Банк Кубок России. Масс-старт. Мужчины. Трансляция из Рязани
11.50 «Биатлон» с Дмитрием Губерниевым
12.55 Новости
13.00 Все на Матч!
13.30 Биатлон. Альфа-Банк Кубок России. Масс-старт. Женщины. Трансляция из Рязани
15.15 Хоккей. Winline Кубок Гимаева. Легенды хоккея. Трансляция из Уфы
18.00 Новости
18.05 Футбол. Чемпионат Испании. «Атлетико» - «Осасуна»
20.15 Все на Матч!
21.45 Футбол. Суперкубок Испании. Финал. Трансляция из Саудовской Аравии
00.15 Все на Матч!
01.00 Баскетбол. Единая лига ВТБ. «Зенит» (Санкт-Петербург) — «Локомотив-Кубань» (Краснодар)
02.55 Новости
03.00 Мы, игроки сборной России
04.00 Футбол. Чемпионат Германии. «Боруссия» (Мёнхенгладбах) — «Бавария»

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

Мэрем, щIышылэм и 10

7.10 - 7.25 «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
7.25 - 7.45 «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
7.45 - 8.00 «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - 8.30 «Тхыдэм и напэкIуэцIхэр». Республикэр фашистхэм къыщыIэщIагъэкIыжа махуэм ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
8.30 - 9.00 «Дыхьэшхэнщ, гуэныхьи пылъкъым» (адыгэбзэкIэ)
11.30 - 11.45 «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
11.45 - 12.00 «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
13.10 - 13.25 «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
13.25 - 13.45 «Налшык - щIымахуэм» (урысыбзэкIэ)
13.45 - 14.00 «Фэеплъхэм ятеухуауэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
15.10 - 15.25 «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
15.25 - 15.45 «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
15.45 - 16.00 «Ууаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
18.10 - 18.25 «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
18.25 - 18.30 Радиом и дыщэ фондым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
18.30 - 18.45 «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
18.45 - 19.00 «Дызэгъусэу дыкъоджэ» (урысыбзэкIэ)

Щэбэт, щIышылэм и 11

10.10 - 11.00 «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
11.10 - 11.25 «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
11.25 - 11.40 «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
11.40 - 12.00 «Насыпым и плъыфищэ». Концерт (адыгэбзэкIэ)

Тхьэмахуэ, щIышылэм и 12

10.10 - 10.25 «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
10.25 - 11.00 Шаваевэ Миналдан. «Фэ сыт флъэгъуар?» радионсценировкэр (балъкъэрыбзэкIэ)
11.10 - 11.40 «ИлъэсыщIэ IэшрыI» (адыгэбзэкIэ)
11.40 - 12.00 «Уэсыр къос». Концерт (адыгэбзэкIэ)

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ...

Мэрем, щIышылэм и 10

7.07, 7.35, 8.07, 8.35 ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
9.30 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.45 «Лъагъуныгъэм теухуа уэрэдхэр». ИлъэсыщIэ къыдэкIыгъуэ. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
17.30 Зэгъусэу илъэсыщIэр къыдогъэхьэ. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
18.00 «Унагъуэ альбом». Борэнхэ я унагъуэр. Кыщпэк къуажэ (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Щэбэт, щIышылэм и 11

8.00 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
8.20 ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
21.10 ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

Тхьэмахуэ, щIышылэм и 12

8.00 ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
8.20 ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)

«Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

Мэрем, щIышылэм и 10

17.30 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
17.45 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

Щэбэт, щIышылэм и 11

Лажьэркъым

Тхьэмахуэ, щIышылэм и 12

13.00 ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

ОТР

Мэрем, щIышылэм и 10

6.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
6.10 «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
6.20 «Макъамэ». Композитор Уэркъуасэ Артур. ЕтIуанэ нэтын (12+)
7.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
7.10 «Еплъ дунейм щIалэгъуалэм я нэкIэ». Литературэрэ макъамэу зэхэлъ композицэ (12+)
7.25 «Бзылъхугъэ сурэт». КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Карчаевэ Раисэ (16+)
8.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
8.10 «Классикэр псоми папщIэ» (12+)
8.50 «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Тверь къалэ (12+)
17.00 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
17.10 Сутеев С. «Мастэм щышынэ хьэщхьэвылъэ». Сабийхэм папщIэ таурыхъ (6+)
17.20 Макъамэ нэтын (12+)
18.00 «ЦIыхум тхыдэм щиIыгъ увыпIэр». ТхакIуэ, щIэныгъэлI, КъБР-м и цIыхубэ артист КъардэнгъущI Зырамыку (12+)
18.45 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

Щэбэт, щIышылэм и 11

6.00 Дзэ Iуэху хэхам щызыIэрагъэхьа хамэ къэрал зауэ хуэIухуэщIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ (12+)
6.25 «ЦIыхум тхыдэм щиIыгъ увыпIэр». ТхакIуэ, щIэныгъэлI, КъБР-м и цIыхубэ артист КъардэнгъущI Зырамыку (12+)
7.05 Штраус Иоганн. «Цыджан барон». Къэбэрдей-Балъкъэр музыкэ театрым игъэува опереттэ. Япэ Iыхьэ (12+)
8.20 Макъамэ нэтын (12+)
17.00 «Бажэ щхьэхынэ цIыкIу». Гуащэ театрым и спектакль (6+)
17.30 «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс» (12+)
18.10 «ПэщIэтащ икIи текIуащ». КъБР-р нэмыцэ-зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжам и махуэм ирихьэлIэу (12+)

Тхьэмахуэ, щIышылэм и 12

6.00 Штраус Иоганн. «Цыджан барон». Къэбэрдей-Балъкъэр музыкэ театрым игъэува опереттэ. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
6.50 «ПэщIэтащ икIи текIуащ». КъБР-р нэмыцэ-зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжам и махуэм ирихьэлIэу (12+)
7.40 «Телевиденэм ныбжьэгъухэр зэхуешэс» (12+)
8.20 «Бажэ щхьэхынэ цIыкIу». Гуащэ театрым и спектакль (6+)
8.50 «Къэбэрдей-Балъкъэрым фрегъэблагъэ…». (12+)
17.00 Сабийхэм папщIэ илъэсыщIэ нэтын (6+)
17.40 «КъБР-м и лъэпкъ проектхэр» (12+)
18.25 «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (16+)

I КъБР ☆ «Мир» канал

Мэрем, щIышылэм и 10

6.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
6.10 Органнэ макъамэм и концерт. Къардэн Т. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
6.50 «02» къулыкъущIапIэм хъыбар фегъащIэ» (16+)
7.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
7.10 «ЩIалэгъуалэр мэгушыIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
7.20 «Уэрэдыр фэеплъ мыкIуэдыжщ». УсакIуэ-уэрэдус Джэдгъэф Хъусен (адыгэбзэкIэ) (12+)
8.00 «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
8.10 «Си бзэ - си псэ, си дуней» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
17.00 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
17.10 «IэщIагъэм зыхуагъасэу» (12+)
17.30 Шамхалов Мэжид. «Гуащэ ябгэ». ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и спектакль (адыгэбзэкIэ) (16+)
18.20 «Налшык и пшыхьхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
19.00 «Зэманым екIуу». Тележурнал (12+)
19.30 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
19.45 «Гум имыхуж». КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Иуан Владимир (адыгэбзэкIэ) (12+)
20.30 «Сейир эте, жашаргъа» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
21.00 «ЦIыхум тхыдэм щиIыгъ увыпIэр». ТхакIуэ, щIэныгъэлI, КъБР-м и цIыхубэ артист КъардэнгъущI Зрамыку (12+)
21.40 «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

Щэбэт, щIышылэм и 11

6.00 «Зэманым екIуу». Тележурнал (12+)
6.35 «ЦIыхум тхыдэм щиIыгъ увыпIэр». ТхакIуэ, щIэныгъэлI, КъБР-м и цIыхубэ артист КъардэнгъущI Зырамыку (12+)
7.15 «Гум имыхуж». КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Иуан Владимир (адыгэбзэкIэ) (12+)
7.55 «Сейир эте, жашаргъа» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
8.25 «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
8.35 «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
17.00 «ЩIылъэмрэ уэгумрэ ятеухуауэ» (12+)
17.20 «Билляча». Сабийхэм папщIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
17.45 «IэщIагъэ къыхэхын» (12+)
18.15 «Япэ балетмейстер». Дашу Хьэшыр (12+)
18.45 «ПэщIэтащ икIи текIуащ». КъБР-р нэмыцэ-зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжам и махуэм ирихьэлIэу (12+)
19.35 «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
20.15 «Чэнджащэ щыуэркъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
20.45 «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
21.00 «Албар». Хабовэ-Бачиевэ Мариям (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
21.40 «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)

Тхьэмахуэ, щIышылэм и 12

6.00 Дзэ Iуэху хэхам щызыIэрагъэхьа хамэ къэрал зауэ хуэIухуэщIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ (12+)
6.30 «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
6.45 «Чэнджащэ щыуэркъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
7.15 «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
7.30 «Албар». Хабовэ-Бачиевэ Мариям (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
8.10 «ПэщIэтащ икIи текIуащ». КъБР-р нэмыцэ-зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжам и махуэм ирихьэлIэу (12+)
17.00 Горький Максим. «На дне». Пермь театрым и спектакль. Япэ Iыхьэ (12+)
18.15 Сабийхэм папщIэ илъэсыщIэ нэтын (6+)
18.55 «ФIым телэжьэн» (адыгэбзэкIэ) (12+)
19.15 «ИлъэсыщIэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
20.15 «Зэманым дыкъыхихащ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
20.40 «Тау ауазы». ИлъэсыщIэ концерт. Япэ Iыхьэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
21.30 «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (16+)

КъБР-м и РАДИО

Мэрем, щIышылэм и 10

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
4.10 - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
4.30 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00
«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00
«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00

7.15 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
8.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
10.05 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.25 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
10.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
11.05 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
12.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
12.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
12.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.45 - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.50 - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
14.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
14.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
15.05 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
16.05 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
16.45 - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
17.05 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
17.20 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
17.45 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
18.05 - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
18.35 - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
18.50 - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.05 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.05 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.05 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.30 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
22.35 - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.25 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Щэбэт, щIышылэм и 11

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.30 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
2.30 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
3.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
4.00 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
5.00 - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
5.10 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.30 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
6.00 - 7.00 Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
8.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
10.00 - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.20 - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
10.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
11.21 - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
11.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
12.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
14.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
14.50 - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
15.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
16.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
16.21 - «Ишлегенни кёлю жарыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
16.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
18.00 - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.44 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.20 - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
20.35 - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
22.30 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.20 - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
23.30 - 24.00 «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

Тхьэмахуэ, щIышылэм и 12

00.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
1.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
1.38 - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
2.00 - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
3.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
3.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
4.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
4.30 - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
5.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
5.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
5.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
6.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
6.44 - 7.00 «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00
«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00
«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00

7.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
7.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
8.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
8.45 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
9.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
9.35 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
9.45 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
10.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
10.40 - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
11.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
12.10 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
13.00 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
13.35 - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
14.10 - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
14.40 - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
15.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
15.40 - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
16.00 - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
17.10 - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
17.40 - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
17.50 - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
18.00 - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
19.00 - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
19.45 - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
20.00 - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
20.25 - «Илхам» (балъкъэрыбзэкIэ)
21.00 - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
21.25 - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
21.45 - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
22.00 - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
23.00 - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
23.30 - 24.00 «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

Адыгэ уэрэдхэр Москва щагъэIу

● Гъуазджэ

АДЫГЭ щэнхабзэм къыщыхъу гуфIэгъуэ зэхыхьэ нэхъ ин дыдэр дыгъэгъазэм и 5-м Москва щекIуэкIащ. Адыгэ щэнхабзэм зегъэужьыныр, лъэпкъ макъамэр, къафэр иджырей теплъэ иIэу утыкушхуэхэм къихьэныр зи жэрдэмыр Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, режиссер, продюсер цIэрыIуэ Хьэцей Тимурщ.

МЫ ГЪЭМ абы къызэригъэпэща концертым хэтащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Дагъыстэным я цIыхубэ артист Тут Заур, КъБР-м, Адыгейм, КъШР, Ингушым я цIыхубэ артисткэ, Осетие Ипщэм щIыхь зиIэ и артисткэ Сокъур Ольгэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ хэгъэгу псоми я цIыхубэ артист, Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Нэхущ Чэрим, республикэ зыбжанэм щIыхь зиIэ я артисткэ Тхьэгъэлэдж Светланэ, КъБР-м, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ я артист Хъыжьрокъуэ СултIан, уэрэджыIакIуэхэу Къэзан Сэтэней, Бэрбэч Аскэр, Бэчхэ Азэмэтрэ Ренатэрэ, ГъукIэ Ислъам, Быщтэ Азэмэт, Даут Сусанэ, Нэхущ Рустам, Царикати Феликс, Лъашэ Альберт, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр, «Ашэмэз» уэрэджыIакIуэ гупыр, нэгъуэщIхэри.

Пшыхьыр нэфIэгуфIэу ирагъэкIуэкIащ Гумэ Маринэ (КъБР), Березин Владимир (Москва), ТIэш Светланэ (АР) сымэ.

Тимур и лэжьыгъэм сыт щыгъуи щIэщыгъуагъ хилъхьэну фIэфIщ. Абы къыхэкIыу, мы гъэм Москва утыкум адыгэбзэм и къулеягъыр нэхъри щигъэIумэ нэхъ къищтэу, адыгеибзэр захригъэхын папщIэ иригъэблэгъащ тележурналист цIэрыIуэ ТIэш Светланэ.

- Хуабжьу си гуапэ хъуащ Хьэцей Тимур сызэрыригъэблэгъар, адыгэбзэм и диалект зэмыщхьэхэр захригъэхмэ фIэфIу, Iуэхум сызэрыхишар, - жеIэ Светланэ. - Концертым и къызэгъэпэщыкIэкIэ зыхуэбгъадэ хъун щыIэтэкъым. Утыкур зэрыгъэщIэрэщIари, зэрызэщIэблэ уэздыгъэхэри, макъхэр зэрыIури, тезыххэм я Iэмалхэри икъукIэ бейт. Пэшым цIыху 1300-рэ щIохуэри, зы тIысыпIэ нэщI иIакъым. Куэд дыдэ къекIуэлIащ. Езы концертыр сыхьэтищым щIигъукIэ екIуэкIащ. Абы еплъахэр нэжэгужэу зэбгрыкIыжащ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, концертым хэтхэр илъэс псом къриубыдэу цIыхухэр нэхъыбэ дыдэрэ зэдаIуэхэрщ, нэхъыфIу ялъэгъуа уэрэджыIакIуэхэрщ къырагъэблагъэр.

«Черкес ФМ»-м и вагъуэхэр» концертым илъэсым и уэрэджыIакIуэ нэхъыфIыр къыщагъэлъагъуэу хабзэщ. Мы гъэм апхуэдэ пщIэр лъагъэсащ Адыгэ Республикэм щыщ «Мыст» уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм. Ар къызэрызэрагъэпэщрэ куэд мыщIами, адыгэ дунейм къыщацIыхуащ, фIыуи ялъэгъуащ. Пасэрей уэрэд жыIэкIэмрэ уэрэдыжьхэмрэ иджырей гъэIукIэ иратыжри, нобэрей щIалэгъуалэм ирагъэцIыху. Ар мыхьэнэшхуэ зиIэ творчествэщ. «Черкес ФМ»-м и вагъуэхэр» концертым нэхъыфIу къыщалъытэр «Славянский базар» гъуазджэмкIэ фестивалым ишэу хабзэщ Тимур. «Мыст» гупым хэтхэм зэрыжаIэмкIэ, абыхэми етIанэгъэ дуней псом щыцIэрыIуэ фестивалым зэрыхэтынум зыхуагъэхьэзырынущ.

А пщыхьэщхьэм фIыщIэ псалъэ куэд хужаIащ концертыр зыхуей хуэзэу къызэзыгъэпэща Хьэцей Тимур. Адыгэ макъамэр зигу къэкIахэми, уэрэджыIакIуэ нэхъ щIалэхэр зэзыгъэцIыхуахэми, Москвары Налшыкрэ дэсу а пщыхьэщхьэм зэхуэзахэми ягу зэрыхэхъуар къыпхуэмылъытэным хуэдизщ. Тимур адыгэ щэнхабзэм, Урысейм и гъуазджэ IэнатIэм хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищIыр, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм, къэрал зэхуэмыдэхэм я зэхуаку щэнхабзэ лъэмыж зэрыщиухуэр къыхагъэщащ концертеплъхэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Тимур и жэрдэмкIэ къызэIуиха «Черкес ФМ» лъэпкъ радиор адыгэ дунейм Iулыдж ин щызиIэ Iуэхущ Iэ хъуащ. Уеблэмэ хамэ къэрал куэдым щикъухьа ди лъэпкъэгъухэр нэхъри зэрипхыжу, адыгэбзэм и IэфIагъыр игъэнаIуэу, ди хабзэм и купщIэр тхузэпкърихрэ лъэпкъ макъамэ дахэм дыщIигъэдэIуу ди гъащIэм щыщ Iыхьэу къыдолъытэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Иджырей пщащэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и радиожурналист, абы и зы къудамэм и унафэщI БЕСЛЪЭНЕЙ Еленэ зэфIэкI къэзыгъэлъагъуэ, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм щытекIуэ пщащэ жанщ. УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ, «Росмолодёжь» федеральнэ агентствэм и Iуэхур зыгъэкIуатэхэм ящыщщ. 2022 гъэм Еленэ «Радиопроект нэхъыфI» Iыхьэмкiэ КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр къихьауэ щытащ. Нэгъабэ ехъулIэныгъэ щигъэлъэгъуащ журналист щIалэгъуалэм щхьэкIэ ирагъэкIуэкIа «Шум» урысейпсо зэпеуэм. Гурэ псэкIэ зыпэрыт и лэжьыгъэм къыдэкIуэу, ар Iэпэlэсэщ икIи сурэтыщIщ – гъуазджэм и фIыпIэр псэкIэ зыхещIэф. Еленэ и IэщIагъэм, хъуэпсапIэхэм, и зэфIэкIхэм тыдогъэпсэлъыхь.

- ЩIэныгъэ щызэбгъэгъуэтам дыкъытегъэувыIэ...

- ЩIы-мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ сыIэщIагъэлIщ. Ставрополь къыщызухащ къэрал мэкъумэш университетыр. Пэжым ухуеймэ, еджапIэ нэхъыщхьэ сыщыщIэтIысхьэм, и фIэщыгъэр гурыхь сщыхъури, сыкъытеувыIауэ арат. СызэрыцIыкIурэ сэ хъуэпсапIэу щы сиIэт: радиом сыщылэжьэну, дизайнер сыхъуну, стюардессэу сыщытыну. Курыт еджапIэр къыщызухым, нобэ хуэдэу, гъуазджэм ехьэлIа IэщIагъэхэм мыхьэнэшхуэ иратыртэкъым. Дизайнер IэщIагъэм къыхэзмыхами, си хъуэпсапIэр сщIыгъуащ сыт щыгъуи. Ди унэм щIэтщ зэрыдэ машинэу тIу икIи къызогъэсэбэп. Зэман дэкIауэ, а хъуэпсапIэм згъэзэжащ. ФэилъхьэгъуэхэмЯ дизайнымкIэ магистратурэр мы гъэм къыщызухащ КъБКъУ-м.

- Радиожурналист IэнатIэм къытхутепсэлъыхьыт. Сытхэм уелэжьрэ?

- ХъыбарыщIэхэмкIэ къудамэм сыщылэжьащ илъэсихрэ ныкъуэкIэ. Абы къыдэкIуэуи утезыгъэу нэтынхэр езгъэкIуэкIырт. ИтIанэ Iуэху зэхуэмыдэхэр къыщытIэт нэтынхэм селэжьыну гупыж сщIащ. Зытеухуам я гугъу пщIымэ, ахэр куэду зэщхьэщокI. Махуэ къэс эфирым сыкъохьэ. Блыщхьэм жылагъуэ гъащIэм, политикэм сытопсэлъыхь. Псом япэрауэ, ар республикэм и цIыхухэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэрщ. Гъубжым цIыхубэр тезыгъэу нэтын-хэм пызощэ, бэрэжьейм республикэм илъ хъыбарыщIэхэм зызогъэубгъу, махуэкум лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ IэпщIэлъапщIэнымрэ теухуа уэршэр зыгуэрхэм я гъусэу изошажьэ. Псалъэм папщIэ, лъэпкъ шхы-ныгъуэхэм, псом хуэмыдэу адыгэхэм япщэфIхэм, я гугъу дощI. А нэтыныр эфирым занщIэу макIуэ. Куэдрэ къызогъэблагъэ гъуазджэм и цIыхухэр. СфIэфIу езгъэкIуэкI сабий нэтынхэр сиIэщ. Зэ шыпсэхэм сыкъоджэ, къыкIэлъыкIуэм - сабийхэм садоуэршэр. Ар мэремым тохуэ. Сабийхэм ятеухуа проектым зэманышхуэ хухызох. Шыпсэхэм сыкъеджэн езгъэжьа нэужь, сабийхэм ятещIыхьауэ «Росмолодёжь» агентствэм и проект гъэщIэгъуэн къэунэхуати, абыи сыхыхьащ. Си лэжьыгъэм зеубгъу. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и шыпсэхэр» жысIэу езгъэжьамэ, иджы абы Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къызэщIеубыдэ. Сабийхэм ядэпщIэ лэжьыгъэм сытым де- жи гурыфIыгъуэ къыхыбох. Щэбэтым «Хорошее настроение» зэрызытрагъэу нэтыныр къыдокI. Абы хеубыдэ спортым ехьэлIахэри. А проектым сэ къысхелъхьэ гукъыдэжи къаруи.

- Радиом дауэ укIуа?

- Журналистикэм хэт си зы ныбжьэгъум зэгуэрым: «Макъ дахэ уиIэщ, радиом ущылэжьэну ухуейкъэ?», - къызжиIат. Сэри сыбзыщIакъым абы куэд щIауэ сызэрехъуапсэр. СыкъакIуэри, си макъыр езгъэтхащ, етIуанэ махуэм сылэжьэну сыкърагъэблэгъащ.

- Ленэ, уэ сурэтхэр, хьэпшып гъэщIэрэщIа цIыкIухэр бощI, фэм, пхъэм, абджым уолэжь... Апхуэдэ IэпэIэсагъэм езырезыру зыхуэбгъэса?

- Школым сыщыщIэса лъандэрэ си IэкIэ сщIынIауэ сфIэфIщ. Уеблэмэ зэгуэр сыдэлэжьащ Кавказ Ищхъэрэм абдж гъэпщынымкIэ щыIэ IэпщIэлъапщIэ закъуэм - Баттаев Михаил. Абджым сытетхыхьырт, «витраж» жаIэ абы щхьэкIэ. А псом сыхуэIэкIуэлъакIуэу зыщыхуэзгъэсат курыт еджапIэми художественнэ школми. КъинэмыщIауэ, IэфIу пщэфIэныр сфIэфIщ. Пэжым ухуеймэ, сэ радио лэжьыгъэм сыкъыщыдэхуэ щIагъуэ къэхъуркъым. КъапщтэмэЮ радиом и журналисту улэжьэнри творчествэм щыщщ. ИтIани, IэкIэ хьэпшып цIыкIухэр сщIыныр, сыпэщэщэныр къэзгъанэркъым. Зэман тIэкIу сызэриIэу, IэпщIэлъапщIэнымкIэ си псэр согъэнщI: къэлътмакъ хызодыкI, сурэт сощI, хьэпшып цIыкIуфэкIуэхэм солэжь, пхъэмрэ фэмрэ тхыпхъэхэр пхызогъэсыкI.

- Иужьу узыхэта «Шум» урысейпсо журналист зэпеуэм и гугъу уэзгъэщIынут...

- Иужьу сызыхэта проектхэм ящыщщ ар. Шыпсэхэм ятеухуа си проектыр зэпеуэм къигъэув мардэхэм фIы дыдэу хуэкIуэрт. Абы сэ сыщыхыхьэм ирихьэлIэу, къэралым щыщу цIыху мини 6-м зыхрагъэтхат. Зэпеуэм хэтынухэр къыщабжыжым мини 10 ирикъуакIэт. ИкIэм, зэпеуэм пхыкIри, кIэух зэхьэзэхуэм хэтыну дыкъыхахащ цIыху 75-рэ. Москва щызэпеуэжахэм Кавказ Ищхъэрэм щыщу яхэтар си закъуэщ. КIэух зэпеуэм сыпхымыкIами, абы сызэрыхэтар куэд и уасэщ. Си зэфIэкI сеплъыжащ, си IэщIагъэм теухуауэ щIэщыгъуэ куэд къэсщIащ.

- ДизайнымкIи ехъулIэныгъэхэр уиIэщ...

- Дизайн зэпеуэхэм я гугъу пщIымэ, иужьрейуэ сызыхэта дизайн-марафоныр гукъинэ сщыхъуащ. Ар къызэригъэпэщащ «Урысейр Iэмалхэр щыкуэд къэралщ» зэгухьэныгъэм. Зэпеуэм езгъэхьащ дэнымкIэ зэрызагъэсэ видеотеплъэгъуэ. Езыр Iыхьищу зэхэтт: дизайнымкIэ, графикэмкIэ, теплъэхэмкIэ. Дизайным хухэха IыхьэмкIэ нэхъыфIхэм ящыщ сыхъуащ, абы къыпэкIуэуи, сыхуеджэну Iэмал къызатащ графикэр зи лъабжьэ дизайн проектхэм селэжьыну, стилист-имиджмейкер IэщIагъэм сыхуеджэну.

- ГъащIэм куэдрэ сэбэп къыщыпхуэхъу щэн нэхъыщхьэу сыт пхэлъ?

- Сызыхуейм си Iэр тызогъахуэ, зызужьыну сыт щыгъуи сопабгъэ, си еплъыкIэм къыщхьэщыкI гупсысэхэр зэрыщыIэр тыншу зыхызощIэ. Ахэр псори япэкIэ сызыгъэкIуатэ хьэл-щэнщ. А псом нэхъыщхьэжуи зы хьэлыфI схэлъщ - цIыхухэр фIыуэ солъагъу!

- Зыхэбныну узыхуей хьэл зыдэплъагъужрэ?

- Апхуэдэ хьэли схэлъщ. Iуэху сызыпэрыувэм и гъэзэщIэныр иужьрей махуэм, иужьрей сыхьэтым нызогъэс сыпэрымыувэу. Псалъэм папщIэ, зы проект зэхэзгъэувэу зыщIыпIэ езгъэхьын хуейрэ абы папщIэ махуэ бжыгъэ сиIэми, сыщелэжьыр иужьрей махуэрщ.

- Художественнэ тхыгъэ куэд зэрыщIэбджыкIым сыщыгъуазэщ. ФIыуэ плъагъу тхылъ уиIэ хъунщ...

- Моэм Сомерсет и «Луна и грошь» романым си гупсысэм лъэныкъуэ куэдкIэ зригъэужьащ. ЕтIуанэу къыхэзгъэщынут Рэнд Айн и «Атлант расправил плечи» тхылъыр.

- Мурад зыхуэбгъэувыну пфIэфI?

- Дауи. Ахэр зэзгъэхъулIэурэ, зэзгъэхъулIэхэм гукъыдэж къызатурэ сопсэу. Мазэм, илъэсым, уеблэмэ илъэсипщI хуэдизым зэзгъэхъулIэну сызыхуейхэр щызгъэбелджылы щыIэщ. Псалъэм къыдэкIуэу, пIалъэ пыухыкIам къриубыдэу паропланкIэ сылъэтэну сигу ислъхьати, ар щытезухуам и пIалъэм фIэмыкIыу зэзгъэхъулIащ. Мы гъэми зэфIэзгъэкIащ нэхъапэкIэ згъэбелджылауэ щыта Iуэху куэд. ИлъэсыщIэми мурадыщIэхэмкIэ сыпежьэнущ!

Епсэлъар **ГУГЪУЭТ Заремэщ.**



● ЗэIущIэхэр

Процентрi 120-м щIигъукIэ

Илъэс кIуам и мазэ пщыкIузым къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленнэ индексым проценти 121,6-кIэ хэхъуащ, абы ипэ ита гъэм и апхуэдэ пIалъэм щыIа бжыгъэхэм елъытауэ.

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къыщIэхынымкIэ проценти 106,4-кIэ, продукцэхэр къыщIэзыгъэкIхэм, абыхэм елэжь IэнатIэхэм - проценти 134,2-кIэ, псыкIэ къызэзыгъэпэщхэм, псы къагъэсэбэпар Iузышхэм, кIэрыхубжьэрыхухэр зэщIэзыкъуэхэм, уэрамхэр, пщIантIэхэр зыгъэкъабзэхэм, зэлъыIузыххэм проценти 101,5-кIэ я индексхэм хагъэхъуащ. ЭлектрокъарукIэ, газкIэ, хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ, хьэуар зыгъэкъабзэ IэнатIэхэм процент 91,6-рэ къагъэлъэгъуащ.

Продукцэхэр къыщIэзыгъэкI IэнатIэхэм ящыщу псыхэкIхэм елэжьхэм я промышленнэ индексыр проценти 196,4-рэ, гъущIхэкIхэм пыщIахэм, машинэхэмрэ обрудованэхэмрэ хэмыту, - проценти 163,6-рэ, машинэхэмрэ обрудованэхэмрэ къыщIэзыгъэкIхэм, нэгъуэщI къахэмыхьэу, - процент 219,1-рэ хъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЯхуэзэфIэкIам хоплъэж

2024 гъэм и иужьрей тхьэмахуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм щекIуэкIащ республикэм дзюдомрэ самбэмкIэ и бэнакIуэхэм яхузэфIэкIахэр къыщапщытэжа зэIущIэ.

АБЫ хэтащ КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам, КъБР-м дзюдомкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Емкъуж Мухьэмэд, Олимп джэгухэм дзюдомкIэ я чемпион Мудрэн Беслъэн, УФ-м дзюдомкIэ и командэ къыхэхам и тренерхэу Щад Муратрэ Хьэбэчыр Муратрэ, КъБР-м дзюдомрэ самбэмкIэ и спорт еджапIэм и унафэщI Сэралъп Олег, «Локо-дзюдо» клубым и тхьэмадэ Джэданэ Залым сымэ, республикэм и хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, спортсменхэмрэ абыхэм я тренерхэмрэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ къэралым мыхьэнэ нэхъыбэ зрит спорт лIэужьыгъуибгъум дзюдор зэращыщыр, ди республикэми абы гулъытэ хэха зэрыщигъуэтыр икIи абы зыхуэзыгъасэхэм я ехъулIэныгъэхэм щIыналъэм и унафэщIхэри спортым дихьэххэри зэрыкIэлъыплъыр, ди спортсменхэм я зэфIэкIхэми зэригъэпIейтейр.

КъБР-м ДзюдомкIэ и федерацэм лэжьыгъэ куэд блэкIа илъэсым иригъэкIуэкIащ икIи, псалъэм къыдэкIуэу, ди спортсменхэр зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэу (щIыналъэхэм къыщыщIэдзауэ къэрал, дунейпсо зэпеуэхэм деж щиухыжу) 30-м хэтащ, текIуэныгъэхэр абыхэм къыщахьащ е етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр щаубыдащ. Абы нэмыщI, егъэджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ зэхуэсу 4 ирагъэкIуэкIащ. IэнатIэм и лэжьакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIи, апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ, ди спортсменхэм ехъулIэныгъэ хъарзынэхэри къагъэлъэгъуащ. Къапщтэмэ, абы и щыхьэтщ къэралым и командэ къыхэхам республикэм и бэнакIуэ 18 зэрыхэхуар.

Хьэсанэ Ислъам тренерхэм фIыщIэ яхуищIащ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм папщIэ икIи спортсменхэм ехъуэхъуащ дызыхьа илъэсми ехъулIэныгъэфIхэр къагъэлъэгъуэну, республикэм и щIыхьыр нэхъри лъагэу яIэтыну.

Къыхэдгъэщынщи, УФ-м дзюдомкIэ и командэ къыхэхам Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щIалиплI тренеру нобэ щолажьэ икIи ди республикэм дежкIэ ар мыхьэнэшхуэ, пщIэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ.

ЗэIущIэр Iуэху гуапэкIэ иухащ: УФ-м дзюдомрэ самбэмкIэ и командэ къыхэхам хэхуахэм саугъэт лъапIэхэр - кимонохэр, спорт щыгъынхэр, сумкэхэр иратащ. Дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ щытыкIэ гугъум ихуа унагъуэхэмрэ я сабийхэми апхуэдэ гулъытэ хуащIащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Iуащхьэмахуэм» и зи чэзу и къыдэкIыгъуэр

● ЩIэ

«Iуащхьэмахуэ» литературэ-художественнэ, жылагъуэ-политикэ журналым и еханэ номерыр дунейм къытехьащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, абы итщ сабийми балигъыми яфIэгъэщIэгъуэныну тхыгъэхэр.

ЖУРНАЛЫМ и япэ напэкIуэцIхэр яхухэтхащ къызэралъхурэ илъэси 100 ирикъу Ефэнды Джылахъстэнрэ ЩоджэнцIыкIу Нурийрэ, къызэралъхурэ илъэс 95-рэ хъу ХьэкIуащэ Андрейрэ Сокъур Мусэрбийрэ. Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ Ефэнды Джылахъстэн теухуа тхыгъэ нэхъыщхьэр, «ЦIыхубэм щхьэкIэ псэуащ» зи фIэщыгъэр, и IэдакъэщIэкIщ КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист НэщIэпыджэ Замирэ. Абы къыкIэлъокIуэ илъэс зэхуэмыдэхэм Джылахъстэн хужаIа псалъэ гуапэхэм ящыщ пычыгъуэхэр. Нурий и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ къыщыгъэлъэгъуащ «Лъэужьыфiэ» тхыгъэм. Абы зи гугъу щыщIахэр щIагъэбыдэми ярейщ Нурий и усэхэм.

ЩIэныгъэлI, литературэдж ХьэкIуащэ Андрей «IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIа и гъащIэ псом» тетхыхьар Хьэвжокъуэ Людмилэщ. Тхыгъэ купщIафIэм, еджагъэшхуэм и гъащIэм и лъэныкъуэ куэд фIы дыдэу къызэщIэзыкъуэм, и гъусэщ Андрей хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэри. ЩIэныгъэлI, критик Сокъур Мусэрбий и гуащIэр зэпкърызых тхыгъэшхуэщ езы Мусэрбий и «Мыкунэф дыдэмэ си гъащIэр - Тездзэнкъым нэфу зы сатыр» псалъэ Iущхэр зи щхьэщIэдзапIэр.

Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ аргуэру зы романыщIэкIэ дигъэгуфIащ, прозэ рубрикэм щIэтщ «Япэрейхэр» зыфIища тхыгъэр. Шэч хэлъкъым адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, и псэукIэм, и гупсысэкIэм, Анфисэ и бзэ къулейм дихьэххэр абы зэрыщыгуфIыкIынум. АдэкIэ къыкIэлъокIуэ гъащIэм набдзэгубдзаплъэу упхызыгъэплъ хъыбархэу Хьэту Пётр и IэдакъэщIэкIхэр («ЗэныбжьэгъуитI», «Алмэсты», «Жылэ делэ», «Пшынауэмрэ шейтIанымрэ», «Бдзэжьеящэмрэ щакIуэмрэ», «Насыпым и лъыхъуакIуэхэр»).

Усыгъэм и лъахэм дыхешэ Зэгъэщтокъуэ Людэ. Усэбзэ дахэкIэ зэрытхам къыдэкIуэу, гум къипсэлъыкI IэдакъэщIэкIхэмкIэ зэпымыууэ журналым и редакцэм къыхуоупсэ усакIуэ бзылъхугъэр. «Iуащхьэмахуэм» и напэкIуэцIхэм иува усэ пщыкIублри узыгъэгупсысэ-узыщIэзыгъэгупсысыжщ, нобэрей гъащIэм пэджэжщ.

«Зыр адрейм едаIуэу аркъудейщ» си тхыгъэр теухуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Хъусин Анзоррэ Жабоевэ Замирэрэ я унагъуэ дахэм. 2024 гъэр «Унагъуэм и илъэсу» ди къэралым зэрыщагъэувар къэдгъэсэбэпри, я гугъу тщIащ бын цIыкIуих - щIалиплIрэ хъыджэбзитIрэ - насыпыфIэу зэдэзыпI, утыкур, зэхыхьэхэр зи макъ гуакIуэмкIэ зыгъэдахэ артист-зэщхьэгъусэхэм. Публицистикэ рубрикэм щIэтщ иджыри зы тхыгъэ. Лениным и цIэр зэрихьэу Налшык щылэжьа еджапIэ къалэ цIыкIум убгъуауэ тетхыхьащ «Астра-Сфера» щIэныгъэкъэхутакIуэ медицинэ институтым гъэсэныгъэмрэ щIалэгъуалэ политикэмкIэ и унафэщI, а IуэхущIапIэм тхыдэмкIэ и егъэджакIуэ Къэбарт Астемыр («Куэд зыхузэфIэкIа еджапIэ»).

«Франджы балетым и гуащэ адыгэ бзылъхугъэ» тхыгъэр, къызэралъхурэ мы гъэм илъэси 100 ирикъу Черинэ Людмилэ (Шэмырзэ Моникэ) теухуар, и IэдакъэщIэкIщ УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Ди лъэпкъэгъу хэхэсхэм я дунейр къытхузэIузыхахэм ящыщ зыщ ар, илъэс куэд щIауи абыхэм я гъащIэр, я IуэхущIафэхэр, я Iэужьыр ди деж къызэрихьэс тхыгъэхэр и къалэмыпэм къыпокI, ахэр ди щIэджыкIакIуэхэм зыхалъхьэ щымыIэу фIыуэ ялъагъу.

КъыкIэлъокIуэ «IуэрыIуатэ»



Iыхьэр, «Нысэ губзыгъэм и таурыхъ», «Делэм нэхърэ нэхъ делэж», «Шэчэрыпс и Iубыгъуэ закъуэр» таурыхъхэр зыхыхьар. Журналыр зэхуещIыж щхьэр зыгъэлажьэ, куэдым фIыуэ ялъагъу псалъэзэблэдзым.

ИСТЭПАН Залинэ,
«Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор),* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкiэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.359
Заказыр №6
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ях. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **ПхытIыкI Марусэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.),* корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу **Елмэс ФатIимэ.**
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариаnнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Николькэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.